ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№6 (23.664) ● 2018 гъэм щІышылэм (январым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и цІыхухэр 2018 гъэм пэублэу дзэ учётым гъэувыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыхэгъэпэщыным и лъэныкъуэкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкІыныжмкІэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэху:

Урысей Федерацэм и цІыхухэр дзэ учётым гъэувыныжкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и цІыхухэу 2018 гъэм пэублэу дзэ учётым ягъэувын хуейхэм я узыншагъэр къыщапщытэну медицинэ Іуэхущіапіэхэм я спискэр.

2. Урысей Федерацэм и цІыхухэр дзэ учётым гъэувыныжкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэм я пщэ ильхьэн 2001 гъэм къалъхуа цІыхухъухэр, абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэу дзэ учётым щымытхэр, ауэ щытын хуейхэр 2018 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 31-м нэсыху дзэ учётым ягъэувыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и цІыхухэу пэублэу дзэ учётым ягъэувынухэм я узыншагъэр къэзыпщытэну медицинэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэр Іуэхум къызэрыраШэлІэну щІыкІэмрэ пІалъэхэмрэ иубзыхуну.

4. Чэнджэщ етын:

щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, организацэхэм 2001 гъэм къалъхуа цІыхухъухэр, абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэу дзэ учётым щымытхэр, ауэ щытын хуейхэр пэублэу дзэ учётым ягъэувын папщІэ и зэманым къеШэлІэныр къызэрагъэпэщыну;

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и цІыхухэу пэублэу дзэ учётым увыным зыщыдзэйхэр къэлъыхъуэныжкІэ езым и компетенцэм кІуригъыдэу сэбэн хъуну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и цІыхухэр пэублэу дзэ учётым гъэувыным пыщІа Іуэхухэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къызэрыгъэпэщыну.

6. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№172-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжмкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №176-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжмкІэ и комиссэм,«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжмкІэ и комис-сэм хэтхэр хъэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №176-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министрыр;

б) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Расторгуевэ С. А.

2) Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм щІышылэм и 9-м
№1-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

Ялъэкі зыри къагъанэркъым

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІа пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ 2017 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм.

- 2017 ГЪЭМ КЪБР-м и Парламентыр пэлъэщащ гъатхэ, бжьыхьэ лэжьэгъуэхэм зыхуигъэувыжа къалэнхэм. Нэхъыщхьэрати, росри и чэзум тхуэзэфІэкІащ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

ЗэІущІэм журналистхэм къыщаІэта упщІэхэр теухуауэ щытащ КЪБР-м и Парламентым къыщта хабзэхэр егъэфІэкІуэным, ар нэгъуэщІ щІыналъэхэм я хабзэубзыху Іуэхущіапіэхэм зэрадэлажьэм, 2018 гъэм и мурадхэм, республикэм и курыт еджапІэхэм медиацэмкІэ Іэнатіэхэр къыщыгъэзэгъэпэщыным и мыхьэнэм, нэгъуэщІхэми.

Я лэжьыгъэм кърикІуар

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІыр къытеувыІащ Іуэхущіапіэм и нэІэ зытригъэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Республикэм щыпхъэ хабзэхэр егъэфІэкІуэным къищынэмыщІа, ди депутатхэр жыджэру хэтащ къэрал хабзэхэр убзыхуным. Къапщтэмэ, КЪБР-м и Парламентым 2017 гъэм УФ-м и Къэрал Думэм федеральнэ хабзэхэм я проекти 8 иригъэхьащ - ар къэралым адрей и щІыналъэхэм къагъэлъагъуа зэфІэкІым я нэхъыфІщ. Ахэр къащтэну къыщІэкІынущ, Федерацэмкіэ Советри зэрыхэлпъэм тепщІыхьмэ.

Егоровэм къыхигъэщащ лэжьыгъэ Іуэхукіэ депутатхэр щІэх-щІэхьуныр республикэм и куейхэм кІуэ зэрыхъуам, щІыналъэхэм, Іуэхущіапіэхэм щыІэ гугъуехьэм абдеж зэрыщытепсэлъыхьым мыхьэнэшхуэ зэриІэр. КъищынэмыщІауэ, КЪБР-м и Парламентыр ткІийуэ кІэлъопль хабзэхэр зэрагъэзащІэхэм.

Къэралыр гугъуехь щыхэт зэманым куэд ельытащ Парламентхэмрэ щІыналъэхэмрэ зэрызэдзакъэхэм. КЪБР-м и Парламентым зэгурыІуэныгъэ ирищІылащ Дагъыстэн Республикэм и ЦІыхубэ Зэхуэсымрэ Тэтэрстаным и Къэрал Совет-тымрэ. Мыгувэу Іэ щІадзынущ Ингуш Республикэм и ЦІыхубэ Зэхуэсым зэрыдэлажьэнум теуха дэфтэрым. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ КЪБР-м и Парламентым щыкъыхуагъэзащ Томь областым и Думэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Парламентымрэ.

Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэзрэіил** *трихащ.*

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм хабзэубзыху жэрдэм къаэзыкъуэкІым, ахэр мы Іуэхум зэрыхуэжьджэрым. 2017 гъэм ахэр хэтащ Сочэ къалэм щекІуэкІа, ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым. Узыншагъэр хъумэным теуха я жэрдэмым япэ увыпІэр къыщихьащ Кърал Думэм япэу щызэхэта урысейпсо щІалэгъуалэ зэхьхьэм. ЕкъулІэныгъэфІхэр къыщагъэлъэгъуащ «Си хабзэубзыху жэрдэм» зэхьэзэхуэм. ЦІыхубэм зэхагъэуВа я проектхэр УФ-м и Кърал Думэм къыщагъэльэгъуащ икІи япэ, етІуанэ увыпІэхэр кърагъащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Урысей Печатым и махуэр щІышылэм и 13-м щагъэлъэпІащ Къэрал гъэхэкІуэныгъэ зэхьыхьэ гуапэм хэтащ республикэм и телевиденэхэм, газетхэм, журналхэм, радиом я лэжьакІуэхэр, министерствэ, къулыкъущІапІэ, Іуэхущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, районхэм кьикІа хьэщІэ лъапІэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм зэрызэхуигъазэ тхыгъэм къызэхуэсахэм къахуеджащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Абы итщ: «Шэч кьытесхьэркъым традзэ тепсэор щІыхур зыхуэныкъуэу, лэжьыгъэфым и щапхъэрэ пэжагърэ къэзыгъэлъэгъуэу сыт щІыгъуи къызэрыпжэкынум, журналистым и Іэщіагъэми кІуэ пэтми нэхъ пщІэшхуэрэ лъытэныгъэрэ зэриГуэтынум».

Республикэм и журналистхэм ехъуэхъуащ КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныжмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкіэ и министр **Говоров Сергей**, «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ**, КЪБР-м ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкіэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкіэ и министр **Щоджэнц1ыкІу Мурат**, КЪБР-м лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэу хъумэныжмкіэ и министр **Тюбеев Альберт**, КЪБР-м Транспортымрэ связымкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен**, КЪБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къэлэнхэр зыгъэзащІэ **Шаваевэ Разият**, КЪБР-м щэнхабзэмкіэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъу-къыщыщІэхэр, Іуэхущіапіэхэм щекІуэкІ зэхъуэкІныныгъэхэмрэ зыужьыныгъэхэмрэ пжагъ хэлъу газетеджэхэм, телевизорелпъхэм, радиом едаІуэхэм я деж нэзыхьэс журналистхэр щІыхь тхыльхэмкіэ, саугъэтхэмкіэ, псалъэ гуапэхэмкіэ ягъэлъэпІащ министерствэ, ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэм. Пшыхьым зи щІэ къыщыдаІуэхэм ящыщу ди гуапэу къыхыдогъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэу КЪБР-м лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэу хъумэныжмкіэ и министерствэм и щІыхь тхыльхэ ягъэпэжа **ТекІужь Заретэ**, КЪБР-м Спортымкіэ и министерствэм и щІыхь тхылъкІэ ягъэлъэпІа **Жыласа Замир**, УФ-м и УФСИН-м КЪБР-м щиІэ къудамэм и щІыхь тхылъ зыльагъэса **Щомахуэ Залинэ** сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналист нэхъыфІхэм папщІэ къызэрагъэпэща пшыхьыр гукъинэжу екІуэкІащ икІи абы зыкъезыгъэхьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэхэм.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бенджамин къызэралъхурэ ильэс 312-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, дунейпсо аэродинамикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Жуковский Николай** къызэралъхурэ ильэси 155-рэ ирокъу.

♦Акт1ер, режиссёр, егъэджакІуэ, театр гъуэзджэм зэхъуэкІныныгъэшхуэ хэзылъхьа, СССР-м и цІыхубэ артист **Станиславский Константин** къызэралъхурэ ильэси 155-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, Социалист Лжьыбгъэм щэнейр и ЛІыхъыжь **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ ильэси 116-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Щомахуэ Лев** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолий** къызэралъхурэ ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Къыщалъхуа США-м и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа боксёр, олимп чемпион **Мохаммед Али** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Кассиус Марселлъ Клейщ**) къызэралъхурэ ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіакіуэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **ПащІэ Еленэ** къыщалъхуа мазэ хуэщІ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щІэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зауал** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыкІуэ цІэрыІуэ, УФ-м гъуэзджэхэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Николаев Игорь** и ныбжьыр ильэс 58-рэ ирокъу.

♦Совет шахматисткэ цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионкэ, СССР-м спортымкіэ щІыхь зиІэ и мастер **Чибурданидзе Майе** и ныбжьыр ильэс 57-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, КЪБР-м щэнхабзэмкіэ и министр, культурологие щІэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин** и ныбжьыр ильэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, Олимп Джэгухэм атлетикэ псынщІэмкіэ тІэунейр я чемпионкэ хъуа **Мастерковэ Светланэ** и ныбжьыр ильэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкіэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъмэт и фо изщ, улъэмыІэсмэ, сыт и сэбэп.

ЩІышылэм и 17, *барэжьей*

♦**Сабийхэм къагупсыса, зэпкъралъхьа Іэмэпсымэхэм я махуэщ**

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ къищтащ «Уэгукіэ гъуэгуанэ зэпычыным теухуауэ». МафІэгугъэм, автомобилхэм, нэгъуэщІ транспорт лІэужьыгъуэхэми къахэхъуауэ щытащ кхъухьлъатэхэр.

♦**1934 гъэм** Свердловскэ, Челябинскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** 1-нэ Белоруссэ фронтым и дзэхэм Польшэм и 1-нэ армэр я дзэпыкъуэгъуу Варшавэ къалэр нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1994 гъэм** НТВ телекомпаниеми и нэтынхэр къагъэпытагъу щІадзащ.

♦Америкэм щІыщ къурал лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ, США-м и къызэгъэпэщакІуэхэм хабжэ **Франклин**

ЩІышылэм и 16, *гъубж*

Мы махуэхэм

♦**Ливерпуль къалэм (Инджылыз) щыщ «Битлз» гуп цІэрыІуэм и махуэщ**

♦**США-м щагъэлъапІэ ЦІыхухэм диныр хуиту зэрахьэныр япэмыуфыдыным теухуа махуэр**

♦**Таиландым и егъэджакІуэхэм я махуэр ягъэлъапІэ**

♦**1920 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм и советым и япэ зэІущІэр Париж щекІуэкІащ, США-м и лІыкІуэхэр яхэмыту.

♦**1922 гъэм** Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къхъуащ.

♦**1963 гъэм** Совет Союзым и УнафэщІ Хрущёв Никитэ дунейм псом хэлъщІыІу щищІащ СССР-м водородны бомбэ зэриІэр.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор, КЪБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкіэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий** къызэралъхурэ ильэс 86-рэ ирокъу.

♦Актёр, Ленин и саугъэтыр зрата, СССР-м и цІыхубэ артист **Лановой Василий** ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **ЛІыщІэрыІуэ Ким** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіакіуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкіэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Фіым я фіыжхэр ягъэлъапІэ

Урысей Печатым и махуэр щІышылэм и 13-м щагъэлъэпІащ Къэрал гъэхэкІуэныгъэ зэхьыхьэ гуапэм хэтащ республикэм и телевиденэхэм, газетхэм, журналхэм, радиом я лэжьакІуэхэр, министерствэ, къулыкъущІапІэ, Іуэхущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, районхэм кьикІа хьэщІэ лъапІэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм зэрызэхуигъазэ тхыгъэм къызэхуэсахэм къахуеджащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Абы итщ: «Шэч кьытесхьэркъым традзэ тепсэор щІыхур зыхуэныкъуэу, лэжьыгъэфым и щапхъэрэ пэжагърэ къэзыгъэлъэгъуэу сыт щІыгъуи къызэрыпжэкынум, журналистым и Іэщіагъэми кІуэ пэтми нэхъ пщІэшхуэрэ лъытэныгъэрэ зэриГуэтынум».

Республикэм и журналистхэм ехъуэхъуащ КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныжмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкіэ и министр **Говоров Сергей**, «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ**, КЪБР-м ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкіэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкіэ и министр **Щоджэнц1ыкІу Мурат**, КЪБР-м лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэу хъумэныжмкіэ и министр **Тюбеев Альберт**, КЪБР-м Транспортымрэ связымкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен**, КЪБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къэлэнхэр зыгъэзащІэ **Шаваевэ Разият**, КЪБР-м щэнхабзэмкіэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъу-къыщыщІэхэр, Іуэхущіапіэхэм щекІуэкІ зэхъуэкІныныгъэхэмрэ зыужьыныгъэхэмрэ пжагъ хэлъу газетеджэхэм, телевизорелпъхэм, радиом едаІуэхэм я деж нэзыхьэс журналистхэр щІыхь тхылъхэмкіэ, саугъэтхэмкіэ, псалъэ гуапэхэмкіэ ягъэлъэпІащ министерствэ, ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэм. Пшыхьым зи щІэ къыщыдаІуэхэм ящыщу ди гуапэу къыхыдогъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэу КЪБР-м лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэу хъумэныжмкіэ и министерствэм и щІыхь тхылъхэ ягъэпэжа **ТекІужь Заретэ**, КЪБР-м Спортымкіэ и министерствэм и щІыхь тхылъкІэ ягъэлъэпІа **Жыласа Замир**, УФ-м и УФСИН-м КЪБР-м щиІэ къудамэм и щІыхь тхылъ зыльагъэса **Щомахуэ Залинэ** сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналист нэхъыфІхэм папщІэ къызэрагъэпэща пшыхьыр гукъинэжу екІуэкІащ икІи абы зыкъезыгъэхьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэхэм.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бенджамин къызэралъхурэ ильэс 312-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, дунейпсо аэродинамикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Жуковский Николай** къызэралъхурэ ильэси 155-рэ ирокъу.

♦Акт1ер, режиссёр, егъэджакІуэ, театр гъуэзджэм зэхъуэкІныныгъэшхуэ хэзылъхьа, СССР-м и цІыхубэ артист **Станиславский Константин** къызэралъхурэ ильэси 155-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, Социалист Лжьыбгъэм щэнейр и ЛІыхъыжь **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ ильэси 116-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Щомахуэ Лев** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолий** къызэралъхурэ ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Къыщалъхуа США-м и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа боксёр, олимп чемпион **Мохаммед Али** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Кассиус Марселлъ Клейщ**) къызэралъхурэ ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіакіуэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **ПащІэ Еленэ** къыщалъхуа мазэ хуэщІ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щІэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зауал** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыкІуэ цІэрыІуэ, УФ-м гъуэзджэхэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Николаев Игорь** и ныбжьыр ильэс 58-рэ ирокъу.

♦Совет шахматисткэ цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионкэ, СССР-м спортымкіэ щІыхь зиІэ и мастер **Чибурданидзе Майе** и ныбжьыр ильэс 57-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, КЪБР-м щэнхабзэмкіэ и министр, культурологие щІэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин** и ныбжьыр ильэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, Олимп Джэгухэм атлетикэ псынщІэмкіэ тІэунейр я чемпионкэ хъуа **Мастерковэ Светланэ** и ныбжьыр ильэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкіэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

ЩІышылэм и 17, *барэжьей*

♦**Сабийхэм къагупсыса, зэпкъралъхьа Іэмэпсымэхэм я махуэщ**

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ къищтащ «Уэгукіэ гъуэгуанэ зэпычыным теухуауэ». МафІэгугъэм, автомобилхэм, нэгъуэщІ транспорт лІэужьыгъуэхэми къахэхъуауэ щытащ кхъухьлъатэхэр.

♦**1934 гъэм** Свердловскэ, Челябинскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** 1-нэ Белоруссэ фронтым и дзэхэм Польшэм и 1-нэ армэр я дзэпыкъуэгъуу Варшавэ къалэр нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1994 гъэм** НТВ телекомпаниеми и нэтынхэр къагъэпытагъу щІадзащ.

♦Америкэм щІыщ къурал лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ, США-м и къызэгъэпэщакІуэхэм хабжэ **Франклин**

(КІэухыр 2-нэ нап.).

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р
Урысейм и Президентыр щыхах махуэщ

Хэхакіуэхэм Іэ зыщІрагъэдэ тхылъхэр зэхуэхьэсыным хухаха махуэм а Іуэхум цІыху мин 200-м щІигъу хэтащ

«Урысей зэкъуэт» партым къызэритамкІэ, абы и жылагъуэ Іуэхущіапіэу къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ цІыху мин 200-м щІигъу тхьэмахуэ кІуам къекІуэлІащ Путин Владимир УФ-м и Президентым и хэхьныгъэхэм хэтыну езым зэрызыкъигъэлъэгъуэжар даІыгъын папщІэ.

«ХЭХАКІУЭХЭМ я тхылъхэм Іэ щІадзын папщІэ нэхъыжьхэм я мызакъуэу щІалэгъуалэ куэди кьекІуэлІащ. Тхьэмахуэ кІуар Путин Владимир дэІыгъыным теухуауэ цІыхубэм Іэ щыщІадз махуэу уваУ жьыпІэ хъунущ», - къиГэлъэгъуащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрей.

«Язныныкъуэхэр щІэупщІэнкІэ хъунщ нэхъ апэм Путин Владимир даІыгъыу цІыху мин 538-м щІигъум тхылъхэм Іэ щІадзамэ, аргуэру апхуэдэ тхылъхэр щІыхьэхьэсым и щхьэусыгъэм. Ди Президентым и кандидатурэр дзэзыІыгъыпхъэхэм я бжьыгъэм куэд щІауэ щІигъуами, кьекІуапІэ адрей цІыхухэми уахуэмеижу яжепІэ хъунукъым. Партым зэригъэІуауэ хэхакІуэхэм Іэ щІэзыгъэдз цІыхухэм я лэжьыгъэр, апхуэдэхэр тхьэмахуэ махуэм куэд дыдэу зэрыщытынур кьыгурыІуэти», - къыхигъэщхьэжукІащ Турчак Андрей.

Адэкіэ абы жиІащ хэхыныгъэ Іуэхухэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм партыр Путин Владимир сыт и лъэныкъуэкІи и щІэгъэкъуэну зэрыщытынур.

* * *

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарь, партым и фракцэ КЪБР-м и Парламентым щыІэм и УнафэщІ, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ АфащІагъуэ Мухаил редакцэм хъыбар къызэрыригъэщІамкІэ, щыщышлэм и 14-м Путин Владимир УФ-м и Президентым и хэхыныгъэм хэтын папщІэ езым зэрызыкъигъэлъэгъуэжар дзэзыІыгъэ хэхакІуэхэм Іэ щыщІадзыну щІыпІэхэр республикэми щаубзыхуауэ щытащ. Къэбгъэльагъэмэ, хэхакІуэхэм Іэ щІезыгъэдзхэр а махуэм щылэжьащ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадзэ Медведев Дмитрий и щІыналъэ жылагъуэ екІуэлІапІэу Налшык къалэм Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамым щыІэм. А махуэм абы хэхакІуэу щ бжьыгъэхэр щызэблэкІащ.

УФ-м и президент хэхыныгъэхэм ирихьэлІэу

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм хъыбар фегъащІэ Урысей Федерацэм и Президентыр 2018 гъэм хэхыным и пэ къихуэу ирагъэкІуэкІ агитацэм икъ иткІэ, кандидатым папщІэ Іэ фІэтыну фыкъыхуязыджэ тхыгъэхэр зы тхьэмахуэ зэхуакум сантиметр зэбгъэуэнатІэ 900 яубыду къызэрытридзэфынымкІэ, дэтхэнэ сантиметр зэбгъуэзнатІэми сом 200 хуэзэу.

«ТекІуэныгъэм и Бэракъ» урысейпсо лэжьыгъэм республикэри хохьэ

ЩІышылэм и 13-м Зауэлі щыхьым и къалэ Налшык щекІуэкІащ «ТекІуэныгъэм и Бэракъ» урысейпсо Іуэхур.

АБы хиубыдэу къалэ паркым щыІэ МафІэ мыужьхьыжьым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ икІи пэкІу щрагъэкІуэкІащ. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа зауэм ди сэлэтхэм щагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ ягъэлъапІэн папщІэ абдеж щыщІызэхуэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, къуажэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэухэр, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, Кавказ Ищхъэрэр нэмыщ зэрыпхъуакІуэхэм къызэрыщІагъэкІыжрэ ильэс 75-рэ зэрикъум и щІыхьклІэ ирагъэкІуэкІ «Ставрополь - Къалмыкъ» автомобиль эскІуэм хэтхэр.

Юбилей пІалъэм теухуа апхуэдэ Іуэхухэр мы зэманым республикэм и къалэ, район псоми щокІуэкІ. ЦІыхуищэм щІигъу хъуауэ щытащ Тэрч районым щыІэ Курп лъагапІэм дэкІаехэр. А щІыпІэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зауэ гуащІэ щекІуэкІащ. Бийм абдеж щыпэщІэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщауэ щыта 317-нэ фочауэ дивизэр. Абы и зауэлІу миниблым щІигъу 1942 гъэм а щІыналъэм щыхэкІуэдащ. Абыхэм я гъащІэр щІатащ Кавказ Ищхъэрэм щыдагъэ къыщыщІаш и щІыпІэхэм хуеІэ бийр кьызэтеГэувыІэныным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Тырныауэ и вольфрам, молибден

Ялъэкі зыри къагъанэркъым

(КІэухыр. Пэщідзэр 1-нэ нап.).

Хабзэубзыху жэрдэмхэр

Журналистхэм я лъэІыкІэ Егоровэ Татьянэ щцкъэхуу къыгеувыІащ УФ-м и Къэралыр Думэм ирагъэхьа хабзэубзыху жэрдэм зыбжанэм. КЪБР-м и Парламентым Хабзэр зехьэнымрэ абы тетынымкІэ и комитетым федеральнэ хабзэхэм я проектитІ игъэхьэзырыщ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы-хэм къару ягъуэтынущ. Республикэм и депутатхэм кы-халъхьащ УФ-м и Арбитражым кодексым, Административнэ кодексым зэрагъэбелджылам хуэдабзэу, УФ-м и Гражданскэ, Уголовнэ кодексхэми суд зыщІэхэр щхьэусыгъуэ гъэркІэ зэрахъуэжыну къэзыгъэувэжм эр фІэкІа ар хуамыщІэну хэтхэм хуеиІуэ.

- ДызэрелпъымкІэ, апхуэдэ щІыкІэм Іэмал зыщыдытынущ судыр кІыхьлІыхьу Іэхъум хэмыплъэнымкІэ. А проектхэр УФ-м и Къэралыр Думэм и комитетхэм кьыддаІыгъащ, уеблэмэ зыр япэ еджэгъуэм пхыкІащ. Бы-щоугъэ ди жэрдэмхэр зэмам гьунэгъум федеральнэ хабзэ хъунущ.

НэгъуэщІ зы жэрдэм къыхилъхьащ КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм. Абы къыщыгъэльэгъащ Лэскэн работ-кудым и пІэкІэ «щыпІэ пхыдзаэм зэпымыуэу щылажьэ суд» къызэрэпэщыныр.

- Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр Лэскэн щыналъэм щыпсэуэм я хуитыныгьэм зэран зыкІи хуэхъунукъым, - къыхиГъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Парламентым и пащэрылъхэр зэрагъэзащІэр

КЪБР-м и Парламентым иригъэкІуэкІ «стІол хъурей-хэм» къыщалэт Іуэхуэр республикэ унафэщІхэм зэрагъэзащІэм щытепсэлъыхьыкым, Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Пщэрылъхэр щыдгъэбелджылыкІэ, абы лэжьыгъэ пыухыкІа кьриклуэн хуейщ. КЪБР-м и Правительствэм и закъуэкъым ахэр зыхуэгъэзар. Шэч хэмылъу, кьохъу зы Іуэхум теухуауэ унафэ къэтщтэн ипэ, абы тІэу, щэ дыщытепсэлъыхь. Апхуэдэуи дроплъэж нэхъ ипэкІэ пщэрылъ ящытщІаехэр зэрагъэзэщІамрэ абыхэм кьрикІуамрэ», - дыщІигъуащ Егоровэм.

Пенсэр зыхуэдизынур

Журналистхэр щІэупщІащ пенсэм щысхэм я Іуэху зэрыдгъэкІым. Зи гугъу ящІыр КЪБР-м и Парламентым фокІадэ маззм къыщта Хабзэрат, «КЪБР-м пенсэм щысхэр ирипсэм папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу 2018 гъэм зыхуеинур гъэбелджылын, зи хэхъуэр абы нэмысхэм ахъшэм хухагъэхъуэным теухуауэ» жыхуиІэр. Егоровэ Татьянэ жиІащ Парламентым я Іуэхум зэпымыуэу и нэІэ зэрытригъэтыр, пенсэм щысхэм ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хухагъэхъуамкІэ къыщІэтхэнэ, КЪБ-эрдэй-Балъкъэр КИФЩЦ-м и щІыналъэхэм ялъ зэриІыр.

- КЪБР-м пенсэм щысхэр ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм 2018 гъэм щыхухагъахъуэр иджы яІэу нэдгъэсащ щІыкІэ щыІэ щыІэпІэр яухуэным, щыІэ дыдэ иджы ди республикэм къыщащхьыщ.

Республикэм и дэфтэр нэхъыщхьэр

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и кьэрал щыхуэмрэ къыщыкІэ къыщІагъэкІыным техьэ налогыр кьызэрыхэмыкІымрэ. Апхуэдэ щытыкІэм зэрызэрагъэхъуэжырыпнум теухуауэ Егоровэм щеупщІым, абы жиІащ республикэм езым и кэхъуэм еплъытмэ, къэрал щыхуэр зэрыиныр, ар нэхъ мащІэ зэращІыным республикэ унафэщІхэр зэрелэжьыр.

- Къэбгъэпъэгъуэмэ, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ, мы зэманым щытыкІэм зихъэжащ. Псалъэм папщІэ, абы къыщыгъэпъэгъуащ республикэм бюджет кредиту кьритыну сом меларди 5,8-м ильэсым процент 0,1-рэ фІэкІа зэрыстемыхьэр. Абы 2018 гъэм Іэмал кьыдитынущ республикэм къэрал щыхуэм тригъэкІуадэр нэхъ мащІэ ищІыну, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

«Республикэ бюджетыр 2017 гъэм, 2018 - 2019 гъэхэм ятещІыхьауэ» КЪБР-м и Хабзэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, щыналъэм и хэхъуэр сом зы меларди 46-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Абы щыщу республикэм и бюджетыр зыхущыщІэмрэ къэрал щыхуэм хэгъэщІынымрэ хуауТІыпащ сом меларди 642-м щІигъур. Фадэ кьыщІэгъэкІынымкІэ къэралым кьарит акцизхэм кьалэхкІуэнум щытепсэлъыхьым, Егоровэм кьыхигъэщащ Іуэхуащ Іэу 6-м лицензэ къратауэ мы зэманым я лэжьыгъэр зэрызэтраублэжьыным иужь зэриты.

- Иджыпсту схужыІэнкъым кьалэнхэр и кІэм нэсу гьэзэщІа хъуну, ауэ ехьулІэныгъэ кьызыпэкІуэн Іэмал гуэрхэр дызэриІэр кьызэгъэщІипхъщ, - пищащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ. - Кьалэщтэмэ, мы зэманым зэтрихьа къэрал щыхуэм и нэхъыбэр кьызыхэкІар фадэ кьыщІэгъэкІынымкІэ къэралым кьарит акцизхэм кьапэкІуэн хуеяр зэрахуэмыгъэзэщІарщ. Ауэ адрей налог хэхъуэхэм арэзы укъащІ. Сыт хуэдэ хэкІыпІэхэр щыІэ мы Іуэхум теухуауэ? СызэреплъыкІэ, Іуэхущ Іапі эхэм кьахэдгъахъуэурэ налог хэкІыпІэр нэхъыбэ тщІынырщ. Псалъэм папщІэ, гугъэшхуэхэр идопх Тырныеуз вольфрам-молибден комбинатым лэжьэн зэрыщІидзэжынум, «Этана» Іуэхущ Іапіэр яухуэным, туризмэм зегъэужьыным.

Республикэ бюджетыр зэрагъэзащІэм КЪБР-м и Парламентым и комитет щхьэхуэхэр зэпымыуэу зэрыкІэлъыпІлъыр кьыщыхагъэщащ зэІущІэм. И гугъу ящІащ я щхьэ ІуэхукІэ депутатхэм закъыхуэзыгъаззэхэм зэрадзэлажьэм, абыхэм зэрадзэпэкьуэм.

Егоровэ Татьянэ кьызэхуэсахэм ягу кьыгъэкІыжащ чэнджэщ хэныкьуэхэр здэпсалъэ хьуну телефон номер хэха зэпымыуэу лажьэу Парламентым зэриІэр.

Щ1ыуэпсым и илъэсыр

2017 гъэр Щ1ыуэпсыр хъумэным и илъэсу зэрыщытам гулъытэ хэха хуищІащ КЪБР-м и Парламентым. Депутатхэм я нэІэ трагъэтащ «КЪБР-м хэхаэу яхьумэ и щІыпІэхэм ятеухуауэ» КЪБР-м и Хабзэм.

- Яхуэзфэмыс Іуэхуэр зэрыщІэм кьыхэкІыу, а хабзэр зэрагъэзащІэм тІэу дыхэпльащ. ИкІэм-икІэжьым здзгъэхъулІэхэм ящыщ щІыпІэхэр кьызэрагъэсэбэп елъытауэ гъунапкъэхэр гъэувынщ. Бюджетыр кьыдомэщІкІ, акцизхэм кьапэкІуэ хэхъуэм и Іыхьэфі зэрыхэхуэр. Ауэ щыхъуэкІи кьэралым щыху, унагъуэ зыхуэзфІэмыкІхэм ядэІэпыкъуныр текІуэдэнур рес-публикэ бюджетым хагъэхэну. Абыхэм ятеухуа щІыналъэ программэр щ1ащтащ икІи абы и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ кІэрыхуэбжьэрыхуэхэм елэжьыныр зэхэр щІызэтрихьа щІыпІэхэр гъэкъэбзэжьыныр зэтеухуауэ 2018 гъэм федеральнэ бюджетым кьыжьэкІыу къэралыр зыдэІэпыкъуну щІыналъэ 20-м.

- ИкъуэкІэ мыхьэнэ иІэщ щІыуэпсым и илъэсыр щІызэхуэтщІыжьым «КЪБР-м щІыхь зиІэ и эколог» цІэ лъапІэр зэрядгъэувам, абыкІэ дгъэлъапІэнэщ щІыуэпсыр хъумэным елэжьхэр, - дыщІигъуащ Егоровэм.

Мурадхэр

Егоровэ Татьянэ кьытеувыІащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм 2018 гъэм и гъатхэ лажьэгъуэм и нэІэ зытригъэтынум. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм и гъащІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ ящІэр хабзэкІэ щІагъэбыдэным егупчунущ, федеральнэ хабзэхэм щІыналъэм къару щызиІэ хабзэхэр зэрыхуагъэкІуэнум елэжьынущ.

Цыхубзхэм хуащІ гулъытэр

Цыхубзхэм я Іуэху еплъыкІэхэр дзгъэкІыным ятеухуауэ (2017 - 2022 гъэхэм ятещІыхьащ) щыІэ стратегиер гъэзэщІэнымкІэ УФ-м и Правительствэм епхауэ лажьэ ЗэщІэзыгъэуІуэ Советым зэрыхэтыр кьалъытэу, журналистхэр Егоровэ Татьянэ еупщІащ мы зэманым цІыхубзхэм я хуитыныгъэр кьыщІэзэпауд щыІэщымыІэм.

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ Советым иригъэкІуэкІа япэ зэІущІэм зэрыхэтам. Я нэІэ нэхъ зытригъэтыну абы щагъэбелджылса Іуэхугъэитхур кьэралми щІыналъэхэми (зыхуей дыщІагъужу) щагъэзэщІэнущ. А Іуэхуэхэр сэбэп хъунущ лэжьыгъэ и лъэныкьуэкІэ цІыхубзхэмрэ цІыхухъуэхэмрэ я хуитныгъэхэр зэхуагъэзэдэнымкІэ. Псалъэм папщІэ, цІыхубзхэм ику иту кьахь я улахъэр процент 26-кІэ нэхъ мащІэщ цІыхухъуэм ейм елъытауэ. А щІыщІэныгъэр хуэмурэ кьыщзнэкІа мэхъу. Кьапщтэмэ, 2005 гъэм цІыхубзхэм ику иту кьахьу щыта улахъэр цІыхухъуэм ейм и процент 60-т зэрыхъур.

2017 гъэр зыхуэдар

- Гугъуехьхэм емылытауэ, 2017 гъэм ди республикэр, кьапщтэмэ зэрыкъэралу хущІэкъуауэ зыужьыныгъэм, - жиІащ Егоровэм. - Ди экономикэр мащІэ-мащІэурэ зэтоувэж, мэкъумэщым, промышленностым, гъуэгу ІэнатІэм, туризмэм зэрызэужьыр нэрылъагъущ. Бюджетыр кьыдомэщІкІ, акцизхэм кьапэкІуэ хэхъуэм и Іыхьэфі зэрыхэхуэр. Ауэ щыхъуэкІи кьэралым щыху, унагъуэ зыхуэзфІэмыкІхэм ядэІэ-пыкъуныр зэтеухуауэ зыхуигъувыж щІэ. Щэнхабзэмкіэ унэхэр, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эхэр, стадионхэр, еджапІэхэр, нэгъуэщІхэри кьызэІуах. Жыпі энымэ, республикэ унафэщІхэм яльэкІ зыри кьагъанэркъым. Ар кьэзгъэпытэн хуейщ.

Зэ1ущ1эм и к1эм журналистхэр Егоровэ Татьянэ елъэІуат: «Сэ сщІэ псори щІэсщІэр...» псалъэухэр нигъэсуни, жиІащ: «ЦІыхуэм и зэфІэкІымрэ кьалэнымрэ апхуэдизкІэ куэду зэхэлъщ, зы мурадым пэутеухуэнукъым. Сэ сыхущІокъу си студент хъуа университетми. Емузым игу кьыдзэригъэкІыжьмкІэ, и пщэрыль жылагъуэ я кьалэнхэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэи зэпэщІиГъэувакъым, уеблэмэ зым адрейм нэхъри тригъэгушхуэу ирихьэкІащ. Еджэныгъэм щиІэ ехьулІэныгъэхэр къалъытэри, 2-нэ курсым кьыщыщІэдзауэ Нинэ хэрату хуежьащ Лениным и цІэкІэ ягъэуваУэ щыІа стипендиер. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ, Іэщ1агъэ зэгъэзэгъэныр абы и деж-кІэ кьалэн кьудеиуэ аратэкъым, атІэ ар икъуэкІэ фІэгъэзащІэгъуэн Іуэхугъуэт. Абыкіэ ныбжьыщІэм щапхъэ хуэхъурт университетым щезыгъэжьащ цІыху щыпкъэхэу, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэу Сокъур Мусэрбий, Медалы Къэчим, КІуэкІуэ Жэмалдин, Иуаныкъуэ Нурбий, Башиев Хъусен, Щэрдан Іэбу сымэ, нэгъуэщІхэри. Гупым и дежкІэ мы зэхьэпхуэ иІэт я куратор Башиевэ Светланэ кьаухищІ гулъытэмрэ ущиехэмрэ.

Фіыуэ илъагъу Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэта бзыльхугъэ цІыкІым еджэныр кьызэриухыу комсомолым и Налшык кьалэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым и комсомол зэгъуэныгъэм я пашэу, иужькІэ комсомолым и республикэ комитетым и секретару лэжьащ. 1983 гъэм ар лэжьэкІуэ ирагъэблэгъащ. ЕГъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зэфІэкІ кьещІигъэльэгъуэу пэрытащ ар, егъэджакІуэу кьыщІидзэри, кафедрэм и унафэщІ, профессор кьалэнхэм нэсащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинш Емузым 1991 гъэм Кавказ Ищхьэрэ социально-политикэ институтыр, 1999 гъэм Ростов къэрал университетыр къмухащ. Апхуэдиз хэхъонхэм кьадэкІуэу абы сыт щыгъуи щІэныгъэ кьэхутэныгьэхэр иригъэкІуэкІащ. А лэжьыгъэхэм Нинэ япэ дезыгъэхьэхауэ щытар пІэнпкъ еджагъэшхуэ Шэджьыхьэщ Мариет. Урысыбзэр курыт школхэм зэрыщегъэджьпхъэ методикэщІэр хуабжьу зыфІэхьэлэмэт егъэджакІуэ ныбжьыщІэм кьыщтат Марие и бзэ щІэныпхъэ методикэр, арат зыгъеуухуар и япэ кьэхутэныгьэхэри.

ИригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр кьыщІэзэщІикъуэжь и кандидат диссертацэр Емузым 1994 гъэм Адыгей къэрал университетым еХьулІэныгъэкІэ щІыпхъэкІащ. Илъэси 7 дэкІри, абы утыку кьрихьащ щІытхъу куэд зиІа и доктор лэжьыгъэр. Санкт-Петербург къэрал университетым психологиемкІэ и факультетым щІыпхъагъэкІа а диссертацэм мыхьэнэшхуэ щиІащ щІэныгъэ дуней-кІэ.

СЫТ ХУЭДЭ Іэнатіэ иримыхьэкІ-ми, Нинэ дапщэщи япыщІащ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ, школхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм яІэ щытыкІэм гъунэгъу дыдэ япэу хуэхъуауэ щытащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм щыщыщІа зэманым. Абы фІыуэ кьыгуроІуэ щІэблэр гъэсэн, щІэныгъэ егъэгъуэтын и лъэныкъуэкІэ школ егъэджакІуэм куэд дыдэ зэрелытар.

- ЕгъэджакІуэр - ар цІыхупсэм, сабиипсэм зегъэузэщыным хуэлажьэ Іэщ1агъэлІщ. Абы езым и зэфІэкІым, гу кьабзаГъэм, бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ ар и гъэсэнхэм зэрабгъэдилъхьэфымрэ кьыгъуэкІэ имыІэу пыщІащ ныбжьыщІэхэм я лъытэри, 2-нэ курсым кьыщыщІэдзауэ Нинэ хэрату хуежьащ Лениным и цІэкІэ ягъэуваУэ щыІа стипендиер. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ, Іэщ1агъэ зэгъэзэгъэныр абы и деж-кІэ кьалэн кьудеиуэ аратэкъым, атІэ ар икъуэкІэ фІэгъэзащІэгъуэн Іуэхугъуэт. Абыкіэ ныбжьыщІэм щапхъэ хуэхъурт университетым щезыгъэжьащ цІыху щыпкъэхэу, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэу Сокъур Мусэрбий, Медалы Къэчим, КІуэкІуэ Жэмалдин, Иуаныкъуэ Нурбий, Башиев Хъусен, Щэрдан Іэбу сымэ, нэгъуэщІхэри. Гупым и дежкІэ мы зэхьэпхуэ иІэт я куратор Башиевэ Светланэ кьаухищІ гулъытэмрэ ущиехэмрэ.

Фіыуэ илъагъу Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэта бзыльхугъэ цІыкІым еджэныр кьызэриухыу комсомолым и Налшык кьалэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым и комсомол зэгъуэныгъэм я пашэу, иужькІэ комсомолым и республикэ комитетым и секретару лэжьащ. 1983 гъэм ар лэжьэкІуэ ирагъэблэгъащ. ЕГъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зэфІэкІ кьещІигъэльэгъуэу пэрытащ ар, егъэджакІуэу кьыщІидзэри, кафедрэм и унафэщІ, профессор кьалэнхэм нэсащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинш Емузым 1991 гъэм Кавказ Ищхьэрэ социально-политикэ институтыр, 1999 гъэм Ростов къэрал университетыр къмухащ. Апхуэдиз хэхъонхэм кьадэкІуэу абы сыт щыгъуи щІэныгъэ кьэхутэныгьэхэр иригъэкІуэкІащ. А лэжьыгъэхэм Нинэ япэ дезыгъэхьэхауэ щытар пІэнпкъ еджагъэшхуэ Шэджьыхьэщ Мариет. Урысыбзэр курыт школхэм зэрыщегъэджьпхъэ методикэщІэр хуабжьу зыфІэхьэлэмэт егъэджакІуэ ныбжьыщІэм кьыщтат Марие и бзэ щІэныпхъэ методикэр, арат зыгъеуухуар и япэ кьэхутэныгьэхэри.

ИригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр кьыщІэзэщІикъуэжь и кандидат диссертацэр Емузым 1994 гъэм Адыгей къэрал университетым еХьулІэныгъэкІэ щІыпхъэкІащ. Илъэси 7 дэкІри, абы утыку кьрихьащ щІытхъу куэд зиІа и доктор лэжьыгъэр. Санкт-Петербург къэрал университетым психологиемкІэ и факультетым щІыпхъагъэкІа а диссертацэм мыхьэнэшхуэ щиІащ щІэныгъэ дуней-кІэ.

СЫТ ХУЭДЭ Іэнатіэ иримыхьэкІ-ми, Нинэ дапщэщи япыщІащ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ, школхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм яІэ щытыкІэм гъунэгъу дыдэ япэу хуэхъуауэ щытащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм щыщыщІа зэманым. Абы фІыуэ кьыгуроІуэ щІэблэр гъэсэн, щІэныгъэ егъэгъуэтын и лъэныкъуэкІэ школ егъэджакІуэм куэд дыдэ зэрелытар.

- ЕгъэджакІуэр - ар цІыхупсэм, сабиипсэм зегъэузэщыным хуэлажьэ Іэщ1агъэлІщ. Абы езым и зэфІэкІым, гу кьабзаГъэм, бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ ар и гъэсэнхэм зэрабгъэдилъхьэфымрэ кьыгъуэкІэ имыІэу пыщІащ ныбжьыщІэхэм я къэкІуэнур зэрызъунур, - жеІэ Емузым. - Егъэджакіуэм сабийр иридуныхьфынущ, зи зыкъыхэумыІэтыжьыфын хуэдзу. Апхуэдабзэуи лІыхъжь ищІыфынущ. Абы къыхэкІыу я Іэнатіэм пэрытын хуейр абы къыхуалъхъэзращ, нэгъуэщІхэр абы Іузэгъэххэркъым.

2005 - 2013 гъэхэм Емузыр щылэжьащ Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхэзыгъэуІуэ институтым. А зэманым къриубдэуи институтым лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ иджыдрей зэманым и пщалъэхэм изагъэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэху школхэм, гъэсапІэхэм щекІуэкІым хуэнэтІауэ, информатизацэмрэ технологиещІэхэмрэ я лІэщІыгъуэм щІэ куэд а Іэнатіэм зэрыхилъхьар и лъабжьэу. А псори егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм я деж нэхъэсыныр институтым и кьалэн нэхъыщхьэхэм яхилъытэу Іэнатіэр ныкъусаныгъэншэу, щытхъу иІэу ирихьэкІащ лэжьыгъэм и кьыззгъэпщащкІуэ Іэкіуэлъэкіуэм.

Илъэс 15-м щІигъуауэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм хэт кьэпщытэныгъэ Іэмал нэхъыщхьэр - Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) - ди республикэм нобэ зэпэщу, хабзэр кьызэпамыдзу зэрыщекІуэкІым и фІыщІэ куэд хэлъщ Емузыр. КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр кьулыкъур иужьрей илъэси 4-м езыхьэкІыр Емузырщ. Унафэщ1 щыпкъэм и нэІэм тКІийуэ щІигъэтщ Іэнатіэм щекІуэкІ сыт хуэдэ Іуэхуэр, хуэнабдзэгубдзапІэщ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ, лэжьыгъэ псори зыхуэунэтІыжа еджакІуэхэм. Министрым и Іуэху зехьэкІэ екІум кьыхьа екъулІэныгъэхэм ящыщщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхущ Іапіэщ1эхэр ди щІыналъэм зы илъэси кьэмынэу кьызэрыщІэзэІуахыр, щІэблэм ирагъэгъуэт щІэныгъэм и фІагъэм хэпщІыкІыу зэрыхъэуар. Кьапщтэмэ, школакІуэхэм я мыгъэрей щІыналъэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм увыпІэфІкэр кьыщІдзащ ди еджакІуэхэм, апхуэдэу ди мащІэкъым щэпщытэныгъэхэмкІэ балли 100 зыхуагъэфэщаэхэр. Дауи, а екъулІэныгъэ Іыгъэхэм я щІыбагъ кьыщІэлъщ Іэнатіэм и унафэщІым и деж кьыщыщІэдзауэ еджакІуэм, абы и адэ-анэм я деж щиухьжу дэтхэнэми и лэжьыгъэщхуэ.

Унафэщ1 щыпкъэр, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэр, зэхэщІыкІ куу зыбгъэдэлъ щІыху зэпІэзырыпыр щІэх-щІэхьыурэ ирагъэблагъэ къэралпсо мыхьэнэ зиІэ щІэныгъэ зэхуэсхэм. Абыхэм я утыку Емузым къыщІеуатэ щІыналъэ егъэджэныгъэм и зыужьныгъэм ехьэлІа и гупсысэкъэр. Нинэ и тхыгъэхэр кьытохуэ щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм. Псори зэхэту кьапщтэмэ, Емузым и кьалэнымэгъэм кІэлыкІащ щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ 70-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ монографие щыхьэхэр. Емузыр ядолажьэ аспирантхэм, абы и нэІэм щІэту гъэхьэзыра хуящІ щІэныгъэхэм я кандидатхэр. Апхуэдэ и лэжьыгъэфІэхэр кьалъытэри, 2001 гъэм Емузым къратащ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» къэрал дамыгъэм и 2-нэ нагъыщІэр, ар УФ-м и щІалэгъуалэ политикэ Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Апхуэдэу абы мызэмытІэу кьыхуэгъэфэщащ нэгъуэщІ къэрал дамыгъэхэр, щытхъу, фІыщІэ тхьилъхэр.

Зыпэрыт Іэнатіэр и гъащІэ насыпым щыщ Іыхьэу къэзылъытэ, кьызэхуэзытэншэу игъэзащІэ лэжьыгъэм кьырикІуэ екъулІэныгъэхэм псэкІэ ин ирихъу Емуз Нинэ Гъэзэр и пхъум хуэдэхэращ, ди лъэпкъым, фІыуэ тІъагъу ди щІыналъэм я цІэр фІыкІэ зыгъэІуар. Апхуэдэхэм я гъащІэр, дуней еплъыкІэр щІэблэм щапхъэ дапщэщи яхуохъу. ЦІыху щыпкъэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу гъащІэм и фІыгъуэхэм щымыщІэу, и гумрэ и псэмрэ зыхэдгъэзыжьауэ гурыщІэхэмрэ мурадхэмрэ и куэду псэуну.

ЖЬІЛАСЭ Маритэ.

КъызэгъэпэщакІуэ Іэзэ, унафэщІ щыпкъэ

● ДифІ догъэлъапІэ

Ди лъэпкъым и мащІэкъым Хэкум, щалъхуа щІыналъэм екъулІэныгъэ кьахуэхьныным зи щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ, гурылъ кьабзэхэмрэ жыджэрагъэмрэ хьэлэну хуэзыгъэлажьэ щІыхуэхр. Апхуэдэ щІыху гуащІафІэхэм, Тхьэшхуэр кьызэрыхуэупсауэ бгъэдэлъ я зэчийм и лъэныкъуэщІэхэр кьызэкъуэзыхэм, дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри езыгъэфІакІуэхэм, щэч хэмылъу, ящьыщщ Емуэ Нинэ Гъэзэр и пхъур, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор Емузым и акъылым и жанагъэр, зэхэщІыкІ куур, псэ кьулеягъэр дапщэщи зыхуэунэтІар кьызыхэкІа лъэпкъым кьыщІэхъуэ щІэблэм нэхъри зегъэужьыныр, хуэфащэ гъэсэныгъэ екІуэрэ щІэныгъэ куур етынырщ. Бзылъхугъэ щыпкъэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.

НИНЭ къыщалъхуащ икІи кьыщыхъуащ щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, лъэпкъ щэнхабзэм пщІэ щІиІэ унагъуэм. Республикэм щыщІэрыІуэ журналист Іэзэу гъащІэр ирихьэкІащ бынунагъуэм я нэхъыжь, хьыджэбзипІым я адэ Гъузер. Быным я анэ гумащІэт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зэфІэкІ лъагэхэр кьыщызыгъэльэгъуа Александрэ.

- Си сабиигъуэр - ар дыгъэ нуркІэ гъэнщІауэ си гъащІэм хэт зы Іыхьэшхуэщ. Апхуэдэу ар тхуащІащ ди нэхъыжьыфІхэм. Хэхъуэхуэ ямы-Іэми (журналистымрэ егъэджакІуэмрэ улахуэшхуэ кьахьрэт!), ди адэ-анэм яхуэзфІэкІащ зыхуей дыхуагъазэу дапІын, адыгэ хабзэм и жыпхъэхэм изагъэ пІэпкъ гъэсэныгъэ кьэтхтальхэн. ЗэшыпхъэуиплІми - Мадини, сэри, Инни, Светлани - псоми дызыщІэкъуэпс Іэщ1агъэхэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ дагъэгъуэтащ, дзтэнэри гъащІэм лъэ быдзкІэ дыжаГъэуващ, - жеІэ Нинэ. - Ди сабиигъуэр щызу, насыпрэ гуфІэгъуэкІэ гъэнщІауэ ирыдагъэхьэкІащ абыхэм. Зэрыбыним тщыщу хэт сыт хуэдэ лъагаПІэ нэсами, сыт хуэдэ екъулІэныгъэ иІэми, псом япэу ахэр зи фІыщІэр ди адэ-анэращ.

ГъащІэм щекІуэкІ къэхъукъащІэ псори и щІэщыгъуэу, дзтэнэ зы Іуэхуми жыджэру хэту кьэтэджащ Нинэ. Школым фІы дыдэу зэрыщеджэм кьыдэкІуэу, абы кьызыхуэтынышэу игъэзащІэрт а лъэхъэнэм бжьыпэ зыІыгъыу икІи жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиІэу щыта зэгухьэныгъэм - пионер дружинэм - и пашэ кьалэныр. Емузыр зыхэмыта пионер слетрэ зэпеуэрэ щымыІамэ ярейщ, ар ди щІыналъэрауи нэгъуэщІ щыпІэуи ирехъу. Нэхъ балигъ хъури, комсомол лэжьыгъэми кууУэ хэтащ.

Курыт школыр екъулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, 1975 гъэм Нинэ щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмрэ щадж и кьудамэм. Школ илъэсхэм зыхыхьа комсомол лэжьыгъэм абы щыпищащ зи студент хъуа университетми. Емузым игу кьыдзригъэкІыжьмкІэ, и пщэрыль жылагъуэ я кьалэнхэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэи зэпэщІиГъэувакъым, уеблэмэ зым адрейм нэхъри тригъэгушхуэу ирихьэкІащ. Еджэныгъэм щиІэ ехьулІэныгъэхэр кьалъытэри, 2-нэ курсым кьыщыщІэдзауэ Нинэ хэрату хуежьащ Лениным и цІэкІэ ягъэуваУэ щыІа стипендиер. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ, Іэщ1агъэ зэгъэзэгъэныр абы и деж-кІэ кьалэн кьудеиуэ аратэкъым, атІэ ар икъуэкІэ фІэгъэзащІэгъуэн Іуэхугъуэт. Абыкіэ ныбжьыщІэм щапхъэ хуэхъурт университетым щезыгъэжьащ цІыху щыпкъэхэу, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэу Сокъур Мусэрбий, Медалы Къэчим, КІуэкІуэ Жэмалдин, Иуаныкъуэ Нурбий, Башиев Хъусен, Щэрдан Іэбу сымэ, нэгъуэщІхэри. Гупым и дежкІэ мы зэхьэпхуэ иІэт я куратор Башиевэ Светланэ кьаухищІ гулъытэмрэ ущиехэмрэ.

Фіыуэ илъагъу Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэта бзыльхугъэ цІыкІым еджэныр кьызэриухыу комсомолым и Налшык кьалэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым и комсомол зэгъуэныгъэм я пашэу, иужькІэ комсомолым и республикэ комитетым и секретару лэжьащ. 1983 гъэм ар лэжьэкІуэ ирагъэблэгъащ. ЕГъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зэфІэкІ кьещІигъэльэгъуэу пэрытащ ар, егъэджакІуэу кьыщІидзэри, кафедрэм и унафэщІ, профессор кьалэнхэм нэсащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинш Емузым 1991 гъэм Кавказ Ищхьэрэ социально-политикэ институтыр, 1999 гъэм Ростов къэрал университетыр къмухащ. Апхуэдиз хэхъонхэм кьадэкІуэу абы сыт щыгъуи щІэныгъэ кьэхутэныгьэхэр иригъэкІуэкІащ. А лэжьыгъэхэм Нинэ япэ дезыгъэхьэхауэ щытар пІэнпкъ еджагъэшхуэ Шэджьыхьэщ Мариет. Урысыбзэр курыт школхэм зэрыщегъэджьпхъэ методикэщІэр хуабжьу зыфІэхьэлэмэт егъэджакІуэ ныбжьыщІэм кьыщтат Марие и бзэ щІэныпхъэ методикэр, арат зыгъеуухуар и япэ кьэхутэныгьэхэри.

ИригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр кьыщІэзэщІикъуэжь и кандидат диссертацэр Емузым 1994 гъэм Адыгей къэрал университетым еХьулІэныгъэкІэ щІыпхъэкІащ. Илъэси 7 дэкІри, абы утыку кьрихьащ щІытхъу куэд зиІа и доктор лэжьыгъэр. Санкт-Петербург къэрал университетым психологиемкІэ и факультетым щІыпхъагъэкІа а диссертацэм мыхьэнэшхуэ щиІащ щІэныгъэ дуней-кІэ.

СЫТ ХУЭДЭ Іэнатіэ иримыхьэкІ-ми, Нинэ дапщэщи япыщІащ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ, школхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм яІэ щытыкІэм гъунэгъу дыдэ япэу хуэхъуауэ щытащ КЪБР-м Егъэджэныгъэ

Щ1ыхьрэ пщ1эрэ къытхуэзыхьа Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэр

Щ1эныгъэм и тхыдэм къыхэнэ хабзэщ абы и унэтІыныгъэхэм я зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа, зи къэхутэныгъэхэр лъабжьэ быдэ хъуа еджагъэшхуэхэм я цІэхэр. Апхуэдэщ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэр кавказыджхэм я дежкІэ. Ар ящыщщ я щІэныгъэ унэтІыныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм. Бгъэдэлъа щІэныгъэ-къэхутэныгъэ зэфІыщІэхэм, бзэм и зэхэлъыкІэр, зэпкърылъыкІэр псэкІэ зыхэщІэу зэрыщытам я хэтыркІэ Балъкъэрым хуэзфІэкІащ кавказ лингвистикэм зригъэужьын, гулъытэ нэхъ зыхуэщІыпхъэ Іуэхугъуэхэр къыхигъэбелджьыкІыН.

БАЛЪКЪЭР Борис 1917 гъэм къалъхуащ. ПэщІэдзэ классхэр екъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ а лъэхъэнэм Налшык дэта Ленинскэ еджапІэ кьалэ цІыкІум (ЛУГ). Филологие Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Борис Москва и щІэныгъэм щыхигъахъуащ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, Борис яхэтащ ляпэу фронтым Іухьахэм. Ар къалэн хэха иІэу КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІа дзэ гупхэм я тІасхъэщІэхьу, политрукым и къудзэгъу, гупым и унафэщІу щытащ. Офицер хахуэм къигъэльэгъуа лІыгъэмрэ зэрихьа хахуагъэмрэ папщІэ къыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр.

1949 гъэм дзэм и къыхэкІыжащ Балъкъэрыр икІи щІэныгъэм зритыжащ. Ди хэкуэгъу щІалэщІэм зэфІэкІыщхэ зэрыкъуэтыным гу льитат еджагъэшхуэ, бзэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ профессор Яковлев Николай. Ар и щІэныгъэ унафэщІу, абы игъэхъэзыращ «Краткий очерк грамматических особенностей бесленеевского диалекта» и кандидат диссертацэр икІи ар екъулІэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ.

1953 гъэм Балъкъэрыр республикэм кьалэгъуэжащ икІи абы щІэныгъэ ІуэхугъэмкІэ и министру ягъэуващ. Зэтраублэжу хуежьагъащІэ Іэнатіэм, дауи, щыкуэдт унафэ тэмэм зытещІыхьын, гулъытэ хэха зыхуэпщІын хуей Іуэхугъуэхэр. Псом япэрауэ, Борис яужь ихьащ лъэпкъ Іэщ1агъэлІхэр гъэхьэзырыным. Апхуэдэу абы мыхьэнэ ин иритырт школхэм егъэджэныгъэр анэдэлъхубзэкІэ щегъэкІуэкІыНми. Бзэр лъэпкъым и купщІэр, и гурыІуэ-гурыщІэхэр къызэрыпІуэтэф, ахэр къызыгъэльагъуэ Іэмэпсымэ нэхъыщхьэу къэзыльытэ щІэныгъэлІым иукъдит, нэгъуэщІ мыхъуми, пэщІдзэ классхэр анэдэлъхубзэкІэ еджэн хуейуэ.

Министр кьалэным кьыпигъэтІылъ апхуэдэ Іуэхугъуэ инхэр зэрызэфІиригъэкІым хуэдэу, Борис иригъэкІырт щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. А унэтІыныгъэмкІэ иІэ екъулІэныгъэ лъагэхэр кьалъытэри, Балъкъэрыр 1957 гъэм ирагъэблэгъащ къызэрагъэпэщагъащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэ ІуэхугъэмкІэ и проректору. Илъэс 20-м щІигъукІэ къызыхуэтыншэу ирихьэкІащ абы дзыхь къыхуащІа а Іэнатіэр, иригъэфІакІуэу, лъэпкъым, абы къыщІэхъуэ щІэблэм я деж щихь жэуаплныныгъэр гурэ псэкІэ зыхищІэу. КьинэмыщІауэ, Борис илъэс куэдкІэ и пашэу щытащ «Знание» республикэ зэгухьэныгъэм, и нэІэм щІэтащ къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ зыбжанэм я ЩІэныгъэ советхэр къызэрэпэщыныр, абыхэм я лэжьыгъэхэр зэтеублэныр.

И ГъащІэм щыщу лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигу Балъкъэрым тыхь хуищІащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я гъэдыкІыным, абыхэм епха къэхутэныгъэ купщІафІэхэр егъэкІуэкІыным. Абы и нэІэм щІэту щІэныгъэм кьыхьхьащ нобэ щІэрыІуэ хъуа Іэщ1агъэлІ куэд. Борис я унэтІыкІуэу кандидат, доктор диссертацэхэр зыгъэхьэзыра щІэныгъэлІхэм я бжыгъэри куэд мэхъу. ЖьІпІэнурамэ, абхъаз-адыгэ бзэ щІэныгъэм зы Іэщ1агъэлІ хэткъым Балъкъэр Борис дэІэпыкъуэгъу зыхуэмыхъуа. ЩІэныгъэлІ щыпкъэгъу унафэщІ икІи чэнджэщгъэт, унэтІыкІуэт икІи рецензентт, оппонент икІи дэІэпыкъуэгъут. Абы и гъэсэнхэр екъулІэныгъэ яІэу мы зэманым щолажьэ ди къэралым и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, лъэпкъ щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм хьэлъэныгъэ инхэр ухащІу.

ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и псалъэм дапщэщ щІэдэІут лъэпкъ еджагъэшхуэхэр. Апхуэдэу абы пщІэшхуэ кьыхуащІырт зи щІалэгъуэхэми. Борис дапщэщи и телъхьэт пэжым, захуагъэм. Абы и дежкІэ нэхъыщхьэр езым жиІэр пхигъэкІыныратэкъым, атІэ хэкІыпІэ нэхъыфІыр, пэжыр къэгъуэтыныpт. Апхуэдэ хъэл-щэнхэр хэлът унафэщІ Балъкъэр Бориси щІэныгъэлІ Балъкъэр Бориси. Ахэрат абы пщІэшхуэ кьыщІыщхьуащІыр щІэныгъэ дунейм. Еджагъэшхуэхэу Мещаниновыр И. И., Серебрянников Б. А., Абаев В. И., Деревянов Ю. Д., Шагъэр А. Къ. сымэ, нэгъуэщІхэми ар кьалъытэрт щІэныгъэлІ щыпкъэу, ныбжьыгъу пэжу, къыызыхэкІа лъэпкъым папщІэ куэд зэфІэзых адыгэлІ нэсу. Абы и лэжьыгъэхэр тегъэщІапІэ ящІырт хамэ къэралхэм бзэ щІэныгъэлІхэу Дюмезиль, Куйперс, Ирку, Пари, нэгъуэщІхэми, къэхутэныгъэщІэхэр щрагъэкІуэкІым деж.

Псори зэхэту къапщтэмэ, щІэныгъэ лэжьыгъэ 220-м щІигъу и къалэмыпэм кьыпыкІащ еджагъэшхуэм. И унэтІакІуэ кавказыдж цІэрыІуэ Яковлевым иубла лэжьигъэкІэ зригъэужьу, абыхэм пищэу, Борис кьанэ щымыІэу зэпкърихащ икІи иджащ адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэм я макъхэмрэ хьэрфхэмрэ. ЩІэныгъэлІым гулъытэ хэха хуищІащ бзэхэм хэт макъ дэкІуашэхэм я къэхъукІэхэм, къэпсэлъыкІэхэм, тхыкІэхэм. Абхъаз-адыгэ гупым хьихьэ бзэхэм я мызакъуэу, Балъкъэрым иджащ абыхэм къепхыжа щІыпІэ диалектхэм яхэлъ щхьэхуэныгъэхэри. Профессор Іэзэм гу лъимытэу кьэнакъым бзэхэм яку кьыдэхъуэ зэпыщІэныгъэм, ауэ щыхьукІэ абы зи гугъу ищІыр зы бзэ гупым хэтхэм я закъуэтэкъым, атІэ зэгъунэгъу щІыпІэхэм, щэнхабзэтхьдэ лъабжьэ зиІэ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэри щапхъэу кьихьырт. А Іуэху епГпыкІэр абы кьыщигъэлъэгъащ адыгэбзэмрэ осетинибзэмрэ, адыгэбзэмрэ дагъыстэн лъэпкъхэм я бзэхэмрэ, н. къ. яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм епхауэ и къалэмыпэм кьыпыкІа къэхутэныгъэхэм.

Борис и дэтхэнэ къэхутэныгъэми лъабжьэ хуищІащ щІэныгъэ нэсырат. Абы япэщыкІэ кьыызыхуэтыншэу щыгъуаз зыхуищІырт дэфтэрхэм, абыхэм япкърыльэ купщІэм нэсу. Абы и ужькІэт Балъкъэрым лэжьыгъэр щиублэр. А Іуэху бгъэдыхьэкІэр егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэм, унэтІакІуэ Іущым яхилъхьэрт и гъэсэнхэми. ЩІэпІэнурамэ, и лэжьэгъуэхэми иригъажэ студентхэми пщІэшхуэ зыхуащІ, фІэлъыкІ зыхуаІэ цІыхут ар. Апхуэдэ лъытэныгъэр абы кьихьырт бгъэдэлъ щІэныгъэ куумкІэ, зэфІэкІ инхэмкІэ, гупсысэ шэщІамкІэ, цІыхугъэ лъагэмкІэ. Апхуэдэ хьэл-щэнхэм кьадэкІуэу ар псэ щабэт, зэхэщыкІ зиІэт, гупщІанэт. А псори кьыщигъэсэбэпырт абы и лэжьыгъэм. Проректору щылэжьа илъэсхэм Борис куэд ищІащ егъэджэныгъэм и фІагъым хигъэхъуэн папщІэ. Абы Іуэхум хилъхьэрт дунейпсо мардэм хуэкІуэ ІэмалыщІэхэр, техникэм иІэ зэфІэкІэр.

ЦІыхубэм я дзыхь кьыргъэзу, еджагъэшхуэр мызэ-мытІэу хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Налшык кьалэ советым я депутату. Апхуэдэу ар хэтащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, Налшык кьалэ комитетым я президиумэм.

Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэр ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр лъэ быдэкІэ зыгъэува унафэщІхэм, абы щІыхьэ пщІэрэ кьыхуэзыхьа еджагъэшхуэхэм. Адыгэ щІэныгъэлІ щыпкъэм бгъэдэлъа зэфІэкІышхуэм кьеІэт къызыхэкІа лъэпкъым и пщІэр, и нэмысыр. Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зэрыгуфыкъуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Наводничий Виталий Марк и къуэр

Хьэлъэу куэдрэ сымэджа нэужь илъэс 86-м иту 2018 гъэм щІышылэм и 12-м дунейм ехьжащ щынагъуэнщагъэмкІэ органхэм я чэнджэщгъуэ щытащ икІи куэд зэфІэгъэкІащ япэ ита щІоблэхэм я хабзэ гъуэзэджхэм иджырей лэжьакІуэхэр щІэпІыкІыным, ахэр Хэкум хуэпэжу гъэсэныным хуэунэтІащ.

Зыпэрыта кьулыкъум екъулІэныгъэ пьужькІа-хэр къызэрыщихьам папщІэ Наводничий Виталий Марк и къуэм Правительствэм, ведомствэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я наградэ куэд къратащ. Виталий Марк и къуэр дэр папщІэ сыт щыгъуэ щыпынущ Іэщ1агъэм псэемыблэжу хуэпэжыным, щІыхугъэм я щапхъэу.

Наводничий Виталий Марк и къуэр дэ зэи дигу ихункъым.

КІуэкІуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТІ., Къуэдзокъуэ М. М., Канунников В. А., Абдуллаев М. К., Алэкъей А. М., Беппаев М. М., Берд Хь. А., Битокъуэ В. М., Бозий Н. М., Вэрокъуэ В. Хь., Воронин С. В., Геляхов А. С., Гушин Г. С., Жаным Р. М., Жариков О. О., Зумакулов Б. М., Къзэанш Л. Б., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., Кебеков В. Б. С., Къумахуэ М. Л., Лыхь М. М., Мэзыхьэ Б. Б., Макитов М. Б., Нэхущ З. А., Пащты Б. С., Ромашкин И. К., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. КІ., Тату Къ. Б., Устэ В. Хь., Федченкэ Л. М., Хьэщхьуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., Щ1ощ1эн Хь. А.

● Лэжьэгъум и псалъэ

Профессор псэемыблэж

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы зэманым зытет лъагапІэм тезыгъэува еджагъэшхуэхэм ящыщу Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэр. Москва аспирантурэр кьыщІэуцуащ. Хэку зауэшхуэм ИлыгъэкІэ зэрихьу хэта Борис 1953 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ икІи ди республикэм щІэныгъэ ІуэхугъэмкІэ и министру илъэси 3-кІэ лэжьащ. КъБКЪУ-р къызэІуаха нэужь, ар хъуащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и ягъэ проректор.

АПХУЭДЭ къулыкъу лъагэ иужькІи зыІыгъахэм къащхьэщыкІыу, Балъкъэр Борис къызыхуэтыншэу зэдихьрт проректорным пыщІа кьалэнхэри щІэныгъэ-къэхутэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ пыщІахэри. Абы и стІолыщхьэм тхьпІыкІпІэхэр сыт щыгъуи Іэмбатитіу гуэщауэ тельт. Кьыжьэн хуейщ, бзэ щІэныгъэм теухуа тхьпІыкІпІэхэр адрейм екуэдэкІыу дапщэщи зэрыщытар.

Балъкъэрыр зэлэжьа къэхутэныгъэ Іуэхугъуэхэр нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэу а щІэныгъэм хэтхэм ящыщт. Ягъэразу, а щІэныгъэлІым и кандидат лэжьыгъэр зытриухуауэ щытар ипэкІэ зыми гу зылъымытэ темэхэт. Абы Борис щІэзэпкърихат бесльэней адыгэхэм я Іурылъ бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Доктор лэжьыгъэр Балъкъэрым зытригъэпсар адыгэ псоми я фонетикэр джыныру. А щІэныгъэ лэжьыгъэхэр тхьпІы щхьэхуэу кьыдэкІауэ щытащ (1950, 1970 гъэхэм). Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуабжьу зэбгрыкІуэ яхуохъу бзэм елэжь иджырей егъэджакІуэхэми студентхэми.

ЕтІуанэрауэ, гулъытэ хэха хуэщІыпхъэу кьызолытэ Балъкъэр Борис и лэжьыгъэхэу бзэхэр щыізэригъапщэхэм. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, «Лексические встречи адыгских языков с дагестанскими» (1964), «Адыгские элементы в осетинском языке» (1965), «Адыго-вайнахские языковые встречи» (1966), «Адыгские названия хлебных злаков и их параллели в других кавказских языках» (1975), «О некоторых особенностях взаимодействия неродственных языков» (1977), нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэлІым гу лъимытэу къэнакъым бзэ щІэныгъэм и Іыхьэ нэхъ гугъуэхэр студентхэм нэхъ тыншу зэрабгъэдэлъхьэн хуей Іэмалхэр уБзыхунми. А унэтІныныгъэм епха зэреджэ-методикэ лэжьыгъэ куэд и кьалэмыпэм кьыпыкІащ Балъкъэрым. А пособиехэр ноби сэбэпышхуэ яхуохъу егъэджакІуэ нэхъыщІэхэми студентхэми. Зи гугъу сщІыхэм я щапхъэу къэбгъэльагъуэ хъунущ «Как использовать особенности родного языка при изучении русского языка» (1958), «Две формы орудного дополнения в адыгских языках» (1977), «Некоторые особенности классификации имён в кабардинском языке» (1977), «Введение в абхазо-адыгское языкознание» (1986), «Конструкция предложения в кабардинском языке» (1991), «Инфинитив в кабардинском языке» (1997), нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри.

ЩІэныгъэлІым гулъытэ зыхуищІа унэтІныныгъэхэм ящыщщ псалъэм и къежьапІэр, абы и купсэр, ар зэрызэхэлъыр джыныр. Абыхэм ятриухуащ абы и къэхутэныгъэхэу «Объяснение нартских имён» (1966), «Названия дней недели в абхазо-адыгских языках» (1980). Апхуэдэу щІэныгъэлІ щыпкъэм и гуащІэшхуэ хэлъщ псалъэ 31000-м щІигъу итрэ и тиражкІэ 5000 хъуэу Москва 1999 гъэм кьыщыдэкІауэ щыта «Адыгэ псалъалъэ» тхьпІы иным.

ЩІэныгъэм кьыхьыжащІащІэ щІалэгъуалэр къэхутэныгъэм дегъэхьэхьныныкІи лъэкІ кьигъэнакъым Балъкъэр Борис. Ар я щІэныгъэ унафэщІу цІыху зыбжанэм ягъэхьэзыращ икІи екъулІэныгъэкІэ пхагъэкІащ я кандидат диссертацэхэр. ЩІэныгъэлІым и лъэужьым ирикІуэ кьулыкъущІэхэр кьаухэкІащ абыхэм: хэти бзэм йолэжь, адрейхэри тхакІуэщ е усакІуэщ.

Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэм и фэеплъыр куэдрэ дигу илъынщ. Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и зэфІэувэныгъэм, лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныныгъэм абы хэлъхьэныгъэ ин хуищІащ. Апхуэдэхэращ псэемыблэжу лъэпкъым хуэлэжьащ зыхужаІэр.

КІУЭКІУЭ Жэмалдин,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБАССР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Балъкъэр Борис къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа фэеплъ пшыхь. Ар къызэригъэпэщат Балъкъэрыр илъэс куэдкІэ щылэжьа урысыбзэмкІэ кафедрэм. ЩІэныгъэлІ гъуэзэджэм, цІыху хьэлэмэтым теухуа гукъэкІыжхэмкІэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ абы къыдэлэжьа, фІыуэ къэзыщІыхуу щытта куэд. Къызэхуэсахэм псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэн ящыхъуащ абы и къуэ Борис къыІуэтэжахэр. ЩІхьэхуэу сыдэуэрэшэну къызэхъулІащ профессорым и къуэм икІи си упщІэхэм и гуапэу жэуап къритащ.

- Нобэрей зэхуэсым щыІуа гукъэкІыжхэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар «Балъкъэр Борис - щІэныгъэрыльажьэщІ». ЩІэныгъэм нэмыщІ, сытым дихьэхрэт уи адэр?

- Спортыр фІыуэ ильагъурт, сэри абы сыдригъэхьэхат. Илъэсих сыщІэхъум псы есыкІэ сригъэсат, илъэсибл ныбжьым сыщитым лыжэм сытету къэскІухьыр. Езым хоккей фІыуэ ильагъурт, Налшык и командэм хэту джэгурт. ЩІымахуэр зэхэрихьэу Налшык стадионым мыл трагъэжьихьыри, абдежым щыдэжьугъэрт, ЦІыхуэхэм ящІыхьэ кьеІуалІэрт. Апхуэдэу си адэр альпинист Іэзэт. Университетым и проректору щылажьэм, ар хэтт Залиханов Михаил студенту зи унафэщІ гупжьейм. ИльэсибЛым ситу ляпэу Іуащъхьэмахуэ и щыгу сыдэзышІар си адэращ. Си анэми и жагъуэтэкъым сысабийэу апхуэдэу гъуэгуанэ сызэрытеувар. Къапщтэмэ, си адэанэр щызэрыщІыхуар альпинистхэм я лагерыщ: Киев къикІа, бгы дэкІыным хуэІэкІуэлъакІэ пщащэ дахэ щыкІуэр си адэм игу ирихьат, икІи щхьэгъусэ хуэхъуат.

Къинэмыщ1ауэ, си адэ-анэр тхьпІ куэд еджэрт: си нэгум щІэтщ тІуми тхьпІыр яІэщІэлъу щысу. Іэмал имыІэу, сабийм ильагъуращ зыхилъхьэр. Сэри еджэнкІэ сыерыщт. Сытым джеи згъэщІагъэрэ си адэм и гурыхуэгъагъэр. Зэрдэджэм щыщ пычыгъуэхэр гукІэ ищІэжырт, французыбзэр фІыуэ ищІэрт. Дюма Александр и «Три мушкетёра» тхьпІым французыбзэкІэ еджэм. Апхуэдэу, сурэт щІынми хуэІэзэт, ауэ абы зэман тригъэкІуэдзэ къызэремэщІакІам и щхьэусыгъуэу къыщІэкІынщ а Іэщ1агъэм нэсу зэрызэримыгъэужьар.

- ЦІыху цІэрыІуэхэм ящыщ фи унэ неблагъэрэт?

- Сэ сщІэжхэм ящыщщ Жданов Юрий - Кавказ Ищхъэрэм и щІэныгъэ центрым и Іэтащхьэр, щІэныгъэлІхэу Шагъыр Іэмин, Абаев Василий, Къумахуэ Мухьэдин сымэ, усакІуэшхуэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм я псалъэмакъым уедэІуамэ, университетым зы илъэс хъыщыбхуахуэ къэпльытэ хъунут, бзэ щІэныгъэм и щхэхуэм игъэхуэдзу ахэр куууэ тепсэлъыхьырти.

- Іэщ1агъэр къыхэпхьнымкІэ чэнджэщгъэу пхуэхъуа уи адэ-анэр?

- Школым курыт классхэм сыщыщІэсым археолог сихъуну сыщІэзэпсыпт, ауэ си адэм идакъым. Абыхэм я нэр кьикІырт инженер сихъуну. Апхуэдэу, Москва дэт еджапІэхэм языхьэсым сыщІэтІысхьат, ауэ си гум дыхьэртэкъыми, 2-нэ курсым КъБКъУ-м къэзгъэзэжащ, физикэм сыщыкъуеджащ. Биологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат лэжьыгъэр згъэзэщІащ, иужьрей зэманым компьютерым хузогъаджэ.

- Уи адэ-анэр щІэныгъэм хэтт, егъэджакІуэ Іэнатіэм пэрытт. Абыхэм я щапхъэр уэ сэбэп кьыпхуэхъуа уи лэжьыгъэмкІэ?

- Етхуанэ курсым сыщІэсу университетым щезгъэджэн щІэздзат. Пцы хэмылъу, куэду сэбэп кьысхуэхъащ си адэм и дерсхэм сыкІуэрэ сызэрыкІэлъыплъар, езыри сысейжэм кьыщІыхьэрэ сызэрыкигъэгъуэзар. «Уи лекцэхэр ятхыну Іэмал иІэкьым студентхэм», - щыжеСІэм, си адэм жэуапу кьызитарат: «Сэ жысІэр щІатхьн щІыкъым, сэ тхауэ щІыпр кьаэзэрыгурыІуэнур, кьызэрагъэсэбэпынур яжеСІэу аращ». Апхуэдэу, сыщыщІыкъым, жащым сыкъызэщІуамэ, куэдрэ слъагъурт си адэр тхэуэ стІолым бгъэдэсу. Апхуэдэхэм деж кьызжиІэрт: «Гупсысэ Іущ уи щхьэм кьихьамэ, жащ-махуэ иІэкьым, умыщхьэхыу кьэтэджжыкІэ гупсысэр мыкІуэдыжь щІыкІэ тхы». Мис апхуэдэ щІыкІэкІэ щІэныгъэм бгъэдэта си адэм и хьэл куэд сэри кьысхихььауэ кьысщІохъу. ЩІэныгъэм сыдригъэхьэхьн пасэу щІидзат си адэм. Ар проректору щІыщыта илъэсхэм си анэр егъэджэныгъэмкІэ Яковлевым иубла лэжьигъэкІэ зригъэужьу, абыхэм пищэу, Борис кьанэ щымыІэу зэпкърихащ икІи иджащ адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэм я макъхэмрэ хьэрфхэмрэ. ЩІэныгъэлІым гулъытэ хэха хуищІащ бзэхэм хэт макъ дэкІуашэхэм я кьэхъукІэхэм, къэпсэлъыкІэхэм, тхыкІэхэм. Абхъаз-адыгэ гупым хьихьэ бзэхэм я мызакъуэу, Балъкъэрым иджащ абыхэм кьепхыжа щІыпІэ диалектхэм яхэлъ щхьэхуэныгъэхэри. Профессор Іэзэм гу лъимытэу кьэнакъым бзэхэм яку кьыдэхъуэ зэпыщІэныгъэм, ауэ щыхьукІэ абы зи гугъу ищІыр зы бзэ гупым хэтхэм я закъуэтэкъым, атІэ зэгъунэгъу щІыпІэхэм, щэнхабзэтхьдэ лъабжьэ зиІэ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэри щапхъэу кьихьырт. А Іуэху епГпыкІэр абы кьыщигъэлъэгъащ адыгэбзэмрэ осетинибзэмрэ, адыгэбзэмрэ дагъыстэн лъэпкъхэм я бзэхэмрэ, н. къ. яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм епхауэ и кьалэмыпэм кьыпыкІа къэхутэныгъэхэм.

Борис и дэтхэнэ къэхутэныгъэми лъабжьэ хуищІащ щІэныгъэ нэсырат. Абы япэщыкІэ кьызызыхэтыншэу щыгъуаз зыхуищІырт дэфтэрхэм, абыхэм япкърыльэ купщІэм нэсу. Абы и ужькІэт Балъкъэрым лэжьыгъэр щиублэр. А Іуэху бгъэдыхьэкІэр егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэм, унэтІакІуэ Іущым яхилъхьэрт и гъэсэнхэми. ЩІэпІэнурамэ, и лэжьэгъуэхэми иригъажэ студентхэми пщІэшхуэ зыхуащІ, фІэлъыкІ зыхуаІэ цІыхут ар. Апхуэдэ лъытэныгъэр абы кьихьырт бгъэдэлъ щІэныгъэ куумкІэ, зэфІэкІ инхэмкІэ, гупсысэ шэщІамкІэ, цІыхугъэ лъагэмкІэ. Апхуэдэ хьэл-щэнхэм кьадэкІуэу мызэ-мытІэу хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Налшык кьалэ советым я депутату. Апхуэдэу ар хэтащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, Налшык кьалэ комитетым я президиумэм.

Балъкъэр Борис Хьэзешэ и къуэр ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр лъэ быдэкІэ зыгъэува унафэщІхэм, абы щІыхьэ пщІэрэ кьыхуэзыхьа еджагъэшхуэхэм. Адыгэ щІэныгъэлІ щыпкъэм бгъэдэлъа зэфІэкІышхуэм кьеІэт къызыхэкІа лъэпкъым и пщІэр, и нэмысыр. Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зэрыгуфыкъуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

И адэм и лъэужьыр и гъуэгугъэлъагъуэщ, абы и щапхъэр и псэуКІэщ

- ЦІыхуэ цІэрыІуэхэм ящыщ фи унэ неблагъэрэт?

- Сэ сщІэжхэм ящыщщ Жданов Юрий - Кавказ Ищхъэрэм и щІэныгъэ центрым и Іэтащхьэр, щІэныгъэлІхэу Шагъыр Іэмин, Абаев Василий, Къумахуэ Мухьэдин сымэ, усакІуэшхуэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм я псалъэмакъым уедэІуамэ, университетым зы илъэс ящыщыбхуахуэ къэпльытэ хъунут, бзэ щІэныгъэм и щхэхуэм игъэхуэдзу ахэр куууэ тепсэлъыхьырти.

- Іэщ1агъэр къыхэпхьнымкІэ чэнджэщгъэу пхуэхъуа уи адэ-анэр?

- Школым курыт классхэм сыщыщІэсым археолог сихъуну сыщІэзэпсыпт, ауэ си адэм идакъым. Абыхэм я нэр кьикІырт инженер сихъуну. Апхуэдэу, Москва дэт еджапІэхэм языхьэсым сыщІэтІысхьат, ауэ си гум дыхьэртэкъыми, 2-нэ курсым КъБКъУ-м къэзгъэзэжащ, физикэм сыщыкъуеджащ. Биологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат лэжьыгъэр згъэзэщІащ, иужьрей зэманым компьютерым хузогъаджэ.

- Уи сабийгъуэм щыщу нэхъыбэу уигу кьинэжахэм я гугъу кьытхуэпщІатэмэ...

- Ахэр куэд мэхъу. Оригушхуэу сигу кьэкІыжыр экспедицэ си Іащ1ам япэ дыдэу сызэрыщІаращ. Тенджжы Іуфэм Іус шапсыгъэм я деж кІуэрт си адэри, илъэсих ныбжьым ситу сэри сыздишат. Шапсыгъэхэм макъ щхьэхуэхэр зэрагъэІу щІыкІэр къэхутэн мурадкІэ си адэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм сэри кьалэн щызиІэт, икІи ар жэуапльныгъэшхуэ хэлъу згъэзащІэрт.

Апхуэдэу куэдрэ си нэгу кьыщІоувэж си адэмрэ сэрэ дызэрыщІафІэу щытахэр. Си анэр лэжьыгъэ Іуэхугъэ щІэх-щІэхьыкъэ кьалэ жьыкъэхэм я гьаКІуэрт, махуэ зыбжанэ къэтыну. ПщэфІэныр кьызыльыса цІыхухъэитІыр а Іуэхум тынчу дыпэлъэщІырт.

Сыт хуэдэ кьулыкъу пэрымытми, лажьыгъэ иримыхъэкІами, си адэм и унагъэр япэ иригъэщІрт. Си анэми сэри абы и гулъытэр зыхэтщІэрт сытым деж. Згъуныуэрэ пщІэ зэхуэдэу псэуртэ. Сэ усэ тхыным сытригъэгушхуэрт. Стхахэм щыщІащ егъэльэгъуамэ, къызэрыщІыхьар жиІэрти, зэрезгъэфІэкІуэнымкІэ чэнджэщхэр кьызитырт.

Си анэр уда гъэгъамрэ Іэфы1ыкІэрэ зэи щигъащІэртэкъым. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр згъэгъсу дгъакІуэрт. СощІэж, зы илъэс гуэрым си адэм и лжьыгъэмкІэ хуэмыхьуу, си анэм и закъуэ згъгъапсэхуакІуэ екьат. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкІыу, и Іуэхуэзэ зэхуиГъэкІи зыкъыщІигъакъуэрт.

Сурэт куэдым Азэмэт гугфІэжу къощ. Ахэр анэм, щхьэгъусэм, къуэшым, шыпхъэм фэеплъу кьахуэнащи, къащхьэу Азэмэт зы щІыпІэ гуэр кІуауэ кьакІуэжьын хуэдэу.

Ажалым пасэ дыдэу утІэщІихами, упсэу пэлъытэу ди гум уилъынущ, сытым щыгъуи утщІыгъу кьыштщхьэнущ. Дыпхуэарэзыщ, Азэмэт, жэнэтыр унапІэ Тхьэм пхуищІ!

МАХУЭ (Альтуд) ФатІимэ,
Сэрмакъ къуажэ дэт курыт еджапІэ №3-м математикэр класс нэхъыжьхэм илъэс 40-кІэ щезыгъэджа.

● Дэ къытхуатх

Зэи дигу ихункъым

Альтуд Азэмэт Борис и къуэр ди республикэм и Сэрмакъ къуажэм 1987 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ, унагъуэм я ещанэ быну.

КЪУАЖЭМ дэт курыт школ №1-м екъулІэныгъэ иІэу щеджа нэужь, Кисловодск къалэм Экономикэмрэ правэмкІэ и институтым щІотІысхьэри, 2009 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 10-м ар къуеух, «Финансы и кредит» Іэщ1агъэр щызригъэгъуэтэмэ. А илъэс бдзэм Азэмэт Сэрмакъ дэт «Альянс» ООО-м бухгалтеру кьащтэ.

- ЗэрысщІэжьмкІэ, Азэмэт зи зэхэщІыкІыр хэгъэхуэныным зэпымыууэ хущІэкъу сабийуэ щытащ, - и гукъэкІыжхэмкІэ къыдогуашэ «Додо-клаб» экологие клубыр Сэрмакъ къуажэ илъэс куэд щІауэ щызыгъэлажьэ Мысырджэн МуІэед. - Курыт еджапІэм щыщІэсами абы и ужькІи, а щІалэр ди клубым къекІуэлІащ, зэхьихьэу кьыззэдгъэпэщэхэми зекІуэу зэхэтшэхэми ильэси 6-м щІигъукІэ къыддыхэтащ. Азэмэт дыкъэзыухъурейхь дунейм набдзэгубдзаплъэу зэрыкъуэтыным, зэрыхъуэжьыным пасэу зи акъыл нэса щІалэ хьэлэмэтт. НыбжьыщІэхэр здэсшэ хабзэ ди щІыпІэхэм: Кьэнжалыщхьэ, Чэтмэз, Думэнхэ я псынащхьэхэм, Щэт Хьурей, нэгъуэщІхэми зыщІплъыхьыкІ фІэфІт, адрейхэм зыхамыщІыкІ гуэрхэм гу лъыдигъатэу.

Азэмэтрэ абы и щхьэгъусэ Аринэрэ унагъуэ дахэ зэдаухуат, нурыр къызыщхьэщих сабий дыгъитІыр - Алъхьэсэрэ Алихьанрэ - зэдагъэтат.

АтІэми, Азэмэт, гугъэ, мурад дахэхэр уиІами, ахэр щызэщІэнур уи нэгу щІэкІыну, уи бын щыкІыхэм гу ящІыхуэну ухунэсакъым! Уэ уи лэжьыгъэр тэмэму епхэкІырт, упсэуну ебгъэжьа къудейт, ажалым ущытІэщІихам.

Мазэрэ ныкъуэм и к

КъБР-м и Лъэпкъ къэрал библиотекэм, Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэм, иджыблагъэ литературэ пшыхь щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Теунэ Хьэчим къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум.

Теунэ Хьэчим ягу къыщагъэкІыж

● Пшыхьхэр

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Лъэпкъ къэрал библиотекэмрэ. Абы кърихьэлІат Теунэ Хьэчим и къуэ Алий, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, тхакІуэхэр, КъБКъУ-м ЩыІпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ и Адыгэ щэнхабзэ центрым и студентхэр, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэр.

Библиотекэм щеджэ и пэшым щагъэуват «Псэм и Іэфыр къуатмэ» зыфІаща, Теунэ Хьэчим и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа тхыльэ дапхьэр.

Пшыхьыр къызэІуихащ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр зыхуагъэфэща **Емуз Анатолэ**. Абы къызэуэсахэм ягу къыгъэкІыжащ тхакІуэ цІэрыІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ.

Теунэ Хьэчим Тэрч районым хыхьэ Арыкъ къуажэм 1912 гъэм къыщалъхуащ. Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ рабфакыр, Москва журналистикэмкІэ и институтым газетхэм политикэмкІэ щаІэ къудамэхэм я редактор курсхэр, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтыр, Москва щыІэ Литературэ курс нэхъыщхьэхэр кІуиащ. 30 гъэхэм «Ленин гъэзэгу» газетым щэнхабзэмкІэ и къудамэм щылэжьащ. ИужькІэ республикэм и щІалэгъуалэ газетым и редактор къулыкъум ар пэрытащ. Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы и ужь лъэхъэнэмрэ Теунэ Хьэчим ВЛКСМ-м и обкомым и секретарь, республикэм и радиокомитетым и УнафэщІу лэжьащ. Ар хахауэ щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІу. 1944-1951 гъэхэм Теунэ Хьэчим и унафэм щІэтащ республикэм и Тхакіуэхэм я зэгурыкъэныгъэр. Лъэпкъ литературэм хэмтащ щІэныгъэхэр ящІэ къудамэхэм я редактор курсхэр, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым, Москва щыІэ Литературэ институтым и лэжьакІуэхэу, филологие щІэныгъэхэм я докторхэу **БакІуу Хъанджэрий, Гъут Іэдэм, ХьэкІуащэ Мадинэ**, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и редактор **Джэрыджэ Арсен**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгурыкъэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІэлип** сымэ.

Хьэчим и къуэ Алий фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ библиотекэмрэ я лэжьакІуэхэм, пшыхьыр къызэрагъэпэщам папщІэ.

ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и студентхэр кьеджащ Теунэ Хьэчим и тхыгъэхэмрэ тхакІуэм адыгэбзэкІэ зэриздзэкІа, Крыловым и баснякэмрэ. Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Бесчокъуэ Майе**, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Аэзмэт Наталье**, уэрэджьыІакІуэ ныбжьыщІэхэу **Балъкъыз Тимуррэ Шэру Ислъамрэ**.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зи вагъуэр нобэми лъэпкъым къыхуэблэ Мыз Борис

● Фэепльъ

КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ телевиденэмрэ я хорым илъэс куэдкІэ и унафэщІу щыта, дирижёр цІэрыІуэ Мыз Борис псэужатэмэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.

Мызым и цІэ фІыкІэ къызыІуэр зэрыбжыгъэншэм, абы и Іэужь дахэм тепщІыхьмэ, ар ноби къытхэт пэлъытэщ. Борис къэзыщІыхуу щытахэм, и ныбжьэгъуэмрэ зыдэлажьахэмрэ абы теухуа я гукъэкІыжхэм щыху гу кьабзэу кьыхощыж, ар дунеим зэрехьажам и гуауэр иджыри зыгъэври мащІэкъым.

Мыз Борис илъэс куэдкІэ игъэзэщІащ республикэм и щэнхабзэм дежкІэ мыхьэнэ ин зиІа, радиомрэ телевиденэмрэ я хорым и унафэщІ кьалэныр. Хорыр щылэжьа илъэсхэм КъБР-м и композиторхэм я мызакъуэу, Совет Союзым и лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я композиторхэм ятха куэд екІуу утыку кърахьащ.

Налшык дэт, Сабий гъуэзджэхэмкІэ школым Мыз Борис и цІэкІэ илъэс зыбжанэ ипэ къыщыізэрагъэпэщауэ щытащ «Бо-На-Ми» (Борис Нафгович Мизов) фІэщыгъэм щІэт, уэрэджэщІакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэ.

«Бо-На-Ми»-р зэрекІуэкІа зэманым дуней ипсо утыку ириша уэрэджэщІакІуэ ныбжьыщІэ куэдым гъуэгу яритын хуэзэфІэкІащ. Абы бжьыпэр щыізыубыдахэр Сочэ, Санкт-Петербург, Сыхъым, Истамбыл, нэгъуэщІ щІыпІэхэми утыку щрашэрт. Уеблэмэ, абы илъэс зэхуэмыдэхэм щытекІуэхэм зэгъусэу концерт щатаи къэхъуащ.

«Уи ныбжьэгъуф къыізжеІи, уэращІысыр бжесІэнщ», - жиІауэ щытащ щІыхь Іущ гуэрым. Мыз Борис теухуауэ и ныбжьэгъуэмрэ абы дэлэжьауэ щытахэмрэ къыджаІаэхэр фи пащхьэ идолъхьэ.

Лъэужь дахэ къигъэнащ

Мыз Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІахэм ящыщщ.

Илъэс 22-м щІигъукІэ Борис сыдэлэжьащи, схужьІэнущ, абы хуэдэ хормейстер ди республикэм зэримыІар. Гъуэзджэм и бзэуэкІэр зэхищІыкІырт, зыхуэныкъуэр ищІэрт икІи сыт щыгъуи а Іэнатіэр зэрыригъэфІэкІуэным яужь итт. А зэманым лэжьахэм радиом и хъуапІэм къыщІэднауэ, нобэми щІэупщІэ зиІэ куэд ттхауэ щытащ. Мыз Борис хуабжьу гугъу зыдригъэхьырт хорым, дэтхэнэми къыдэІапІэрт. Абы музыкэм и щэху куэд ищІэрт, арат зыпэрыт Іэнатіэр къыщІехьулІэр, дэри абы апхуэдизу дыщІыдригъэхьэхьрыр.

Сэ хорым сыщыкІуам сыщІалэ дыдэт, хуабжьу къысщхьэпэну чэнджэщ куэд къызитащ, гъэзгу захуэ сытезыгъэувахэм ар ящыщу къызолъытэ. Хорым сыщыхьхьам абы хэтхэм я уэрэд жьІэкІэр сэ сызыхурагъэджа академическэм къыщхьэщыкІырти, хьэжьэми къыздиІыгъырт, зэрыхуэзэфІэкІкІэ зыкъысщІигъакъуэрт, чэнджэщэгъу къысхуэхъурт. Апхуэдэ щІыхуэр зырызщ икІи Борис илэжьа Іэужьфіжьмкіэ ноби къытхэтэщ. Мызым сыт хуэдэ гугъуэкри щІыхуэм щхьэщихыну яужь итт. Псалъэм папщІэ, жыг къуэум и лъабжьэм ущІэту илъагъумэ, езым зыпэщІидзэнут, а жыгым и хьэлъэр къыбдиГэпсыпщІэну хэту.

Си ныбжьэгъуфІ куэд дунейм ехьажащ, ауэ Борис хуэдизрэ сигу къэкІыж яхэтхъым. Ар зи нэІуасэу щыта дэтхэнэми абы и цІыхубфІагъыр игу къызэринэжар хьэкъщ.

Лъэпкъым и набдзэ жьхуаІэхэм ящыщщ Мызыр. Дыхуэзарэзыщ. Тхьэм и ахърэтыр нэху ищІ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Хъусен,
КъБР-м и цІыхубэ артист.

Ноби къытхэтщ

Мыз Борис хуэдэ цІыхухэм яхуэфащэн псалъэ къэгъуэтыгъуейщ. Ар цІыху кьабзэт, фІы ищІэну, цІыхухэм ягу дихьэну хущІэкъуу зэпытт. Сыт хуэдэ Іэужьщ Іапэмэ и лэжьакІуэхэм гуп-гупу загъэш хабзэщ, ауэ радиомрэ телевиденэмрэ я хорым апхуэдэ диІакъым. Борис ди гупыр зэкъуигъэувэн, фІыуэ зэригъэльагъун хуэзфІэкІырт. ЦІыху 30 дыхьэурти, псори зы унагъуэ дыкъыщІхъуам хуэдизу дызэрыІыгъ, дызэрыпытэу дызэхихГэтащ. Нобэр къыздэсым соГэтэщІагъуэ, унафэщІ къулыкъур иІыгъыу илъэс куэдкІэ лажьами, и макъ зригъэІэтауэ зыми зэрызэхимыхар. ЛІыгъэшхуэ пхэлъын хуейт абы щыкІэ.

ЦІыхубэм фІыуэ ялъэгъуауэ хорым уэ-рэд куэд дыдэ щыізыгъэзэщІащ. Аэрэ псори зи фІыгъэр Борисщ. Сыт хуэдэ Іэужу къезмыкъэжьмэ щыдгъэзэщІ.

Сыт хуэдэ Іэужу къезмыкІыгъэ гъэщэщэ ильу.

Экспертизэм къызэригъэльэгъуамкІэ, къытрахар «марихуанэ» наркотикхэкІ грамм 7496,3-рэ, «гашиш дагъэ» грамм 1,45-рэ мэхъу.

Урысей МВД-м Тэрч районым щыІэ и къудамэм уголовнэ Іуэху кьиІэтащ УД-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ (хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкІхэр зыІэрыгъэхьэн, хьумэн, кьеШэкІын, гъэхьэзырын), щІалэр илъэситхум нэблагъэкІэ ягъэтІысащ мэхъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Псапащіэхэр

Нэхъыжьхэм папщІэ

Налшык паркым и къэфапІэ пэшым ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ нэхъыжьхэр щагъэлъэпІащ.

«ВЕТЕРАН» клубым хэтхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветерэнхэм я Налшык къалэ Советым и унафэщІ **Абдулаев Мустэфа**.

- Дэ нобэ дыщІызэхэсар зи лъэм зэримыхьэ, жылагъуэ гъащІэм хэтыну зыхуэзфІэмыкІ ЦІыхухэм гупытэ яхуэтщІын, дадэІэпыкъун зэрызыкІэ зэрыкуэдиж иджыри зэ псоми нэрылъагъу ящытщІын папщІэщ, - жиІащ абы.

Пэшым щІэст зауэм хэтахэр, а илъэсхэм лэжьыгъэ хьэлъэ зи фэ дахуахэр. Ахэри къыщыпсэльащ зэІуціэм, къакІуа гъуэгуанэм гукъинэжу хэта дакъикъэхэр ягу къагъэІкІыжу. Мыбыхэм папщІэ концерт ятащ гъуэзджэмкІэ сабий школ №1-м щеджэ цІыкІухэм. Абыхэм яГэзэщІа уэрэдхэр теуухуат лъагъуныгъэм, гущІэгъуэмрэ гулъытэмрэ, Хэкум, лъахэм. Концерт нэхъыжьхэм зэхэщІыгъуэкІыкІ пшыгъэхэр ираташ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Пашэр ягъэгузавэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр и курыкупсэм нэсащ. Джэгугъуэ ирагъэкІуэкІам хуэдизщ командэхэм кьахуэнэжар икІи абы къыхэкІыу адэкІэ зэхьэзэхуэр нэхъ хьэлэмэтыж хъунущ, дэтхэнэ зы очкоми и мыхьэнэр дэуеинущи.

ЩЭБЭТЫМРЭ тхьэмахуэмрэ екІуэкІа еянэ джэгугъуэр хуабжу зэрызэхьэхьу щытащ икІи абы хьэхэр зэІуціэхэм кьарикІуахэм турнир таблицэм зэхъуэкІыныгъэ щІагъуэ хамылъхьами, зэпеуэр кьызэщІигъэлпІащ. Апхуэдэу, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ, Налшык дэт курыт школ №31-м и футболистхэм хуабжьу гугъу зрагъэхьын хуей хъуащ я пашэныгъэр яхьумэн папщІэ. Ахэр ерагъкІэ текІуэфауэ араш Къэрэгъэш и «Велес»-м. Абы щыгъуэми школакІуэхэм я кІэщІу ящыІ кьат «Спартак-Налшык»-м и щІалэгъуалэ гупымрэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ зи чэзу очкоищыр тынщу зыІэрагъэхьащ.

КІэух увыпІэхэми зэныкъуэкъуныгъэр щыгъуащІащ. Ахэр зыІыгъ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м зы очко зыІэригъэхьэфамэ, нагъэбэрей зэхьэзэхуэм щытекІуа Къэхъун и «Керт»-р иджы зыхуцІэкъур гуп нэхъыщхьэм къызэрыхэнэныщ. Фигу къэдгъэкІыжкъыщи, Налшык и «Звезда»-р зэпеуэм езыр зэрызэкІыжам папщІэ, къэнэжахэм ящыщу лей къэхъунур иджы зыщ.

АдэкІэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Спарта-Малка»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **1:0**, **«Ансар»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:1**, **«Къульхъужьын-КъБКъУ»** (Налшык) - **«Астемыр»** (Налшык) - **3:3**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Мурбек»** (Налшык) - **1:2**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:3**, **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **2:0**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Школ №31-ГорИС-179»** (Налшык) - **2:3**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2017/2018 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Школ №31-ГорИС-179»	7	6	0	1	13-4	18
2. «Спартак-Налшык-д»	8	5	2	1	15-6	17
3. «Автозапчасть»	8	5	2	1	11-5	17
4. «Мурбек»	8	4	3	1	12-8	15
5. «Спарта-Малка»	8	3	4	1	6-3	13
6. «КъБКъМУ»	8	4	0	3	16-16	12
7. «Шагъдий»	8	3	2	3	12-11	11
8. «Союз-Сэрмакъ»	7	3	0	4	12-7	9
9. «Къульхъужьн-КъБКъУ»	8	2	2	4	11-13	8
10. «Велес»	7	2	1	4	10-8	7
11. «Спартак-Налшык-н»	7	2	1	4	6-11	7
12. «Ансар»	7	1	4	2	8-14	7
13. «Астемыр»	7	1	3	3	11-16	6
14. «Керт»	7	1	1	5	7-12	4
15. «ЛогоВАЗ»	8	1	1	6	6-22	4

● Тхьлъыщіэ

Адыгэм и псэукІэмрэ и хабзэмрэ

Иджыблагъэ адыгэбзэкІэ дунейм къытехьащ Закерие Зихьни (Баж Жэбагъы) и тхылъ, адыгэм и псэукІэмрэ и хабзэмрэ теухуауэ. Ар ззэщдзэкІар, Анкарэ и тхылъ тедзапІэкІэм ящыщ зым къыщыдзэзыгъэкІар (къыхэгъэщыпхъэщ зэрыетІуанэ къыдэкІыгъуэр, ящэу 2016 гъэм Налшык дунейм къыщытехьауэ щытащ) Тыркум къыщалъхуа, абы къыщыхъуа, иджы Налшык къэІэпхъуэжауэ щыпсэу Абазэ Ибрэхьимщ.

«АДЫГЭМ и псэукІэмрэ и хабзэмрэ» зы фІэщыгъэ тхылъыр илъэсищэм нэблагъэкІэ тыркубзэкІэ «псэуащ». Абы ит тхыгъэхэр зэрыгъэщІэгъуэным и мызакъуэу, адыгэ мухьэжырхэм я щІэблэм щыщым и Іэдакъэ къызэрыщІэкІам ар зэридзэкІыну Ибрэхьим зэрытригъэгушхуам шэч хэлъхьыж.

Жылагъуэм и зыужьыкІэм, абы хабзэм хилъхьэм, хэкум лъэпкъым ехьэлІауэ иІэ мыхьэнэм, зэман-зэманкІэрэ Кавказым къэкІуа щІэныгъэлІхэм, къэхутакІуэхэм я псалъэхэм, нэгъуэщІхэми ехьэлІауэ Баж Жэбагъы иІэ гупсысэхэр шэщІауэ ди пащхьэ кърельхьэ Ибрэхьим.

Унагъуэм илъын хуей зэхущытыкІэм, хьэгъуэлІыгъуэм ехьэлІа Іэужухэм, хьэщІэм кІэлъыплъэрахьэ хабзэхэм, диныи, лІакъуэ зэхэтыкІэм, хэку зехьэкІэмрэ адыгэм и гъащІэм увыпІэ щхьэхуэ щызыубыдэ Іэнатіэхэм, щыгъыныи, Іэщэмрэ шы Іэпсльэпсхэмрэ, псэуальэхэм, шхыныгъуэхэм, адыгэхэм я Іэнэ зехьэкІэм, лъэпкъ пшыналъэхэм, нэгъуэщІхэми Іыхьэ щхьэхуэхэр щыхухэхащ тхылъым. Дэтхэнэ зыми ехьэлІауэ тхакІуэр езыр зыщыгъуазэр, инджылызыбзэкІэ зекІуэлІхэм ятхахэмрэ нэхъыжьхэм яІуэтэжу зэхихэмрэщ Баж Жэбагъы и тегъэщІапІэр. Апхуэдэуи лэжьыгъэм итщ цІыху щхьэхуэхэм я Іэдакъэщ Іэкі тхыгъэхэр, усэхэр, хьыбархэр. Тхылъыр сурэт, тепльэгъуэ гъэщІэгъуэнэхэмкІэ гъэщІэрэщІащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ кІуэдыжауэ адыгэ хабзищ Абазэ Ибрэхьим тхылъым зэрыхигъэхьар. Тылей, уэсэпщ, хьыдан бгырыпхщІэпхэ - мыхэр зищІысыр итщ лэжьыгъэм и иужьрей напэкІуэцІ зыбжанэм. Ди тхыгъэ кІэщІым ахэр щызэпхърыхыну яужь дихьэнэкъым, зыщІэну хуейхэм тхылъыр зыІэрагъэхьэнырэ нэхъ игъуэщ. АтІэми, нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн, узыщымыгъуазэ Іэджэ тхылъым кьызэризджэкІыкІфынум, щІэныгъэрылажьэхэм, этнологхэм, хабзэр зыфІэфІ къэбэрдей тхылъеджэхэм ар зэрахуэщхьэпэным шэч хэлъхьэкъым.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Аруан щІынатІэ

Гъэсэныгъэм йогугъу

Гуэдзэн щІэныгъэ щІэблэм етыныкІэ щІыналъэ Іуэхущ Іапі эхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр 2017 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм хопльэж, къалэныщІэхэр ягъэбелджылы.

АРУАН районым и ЦДО-хэр сабийхэм ядолажьэ музыкэмкІэ, къафэмкІэ, Іэпщ Іэльэпщ Іэныкъмкіэ, нэгъуэщІ куэдми теухуауэ. Мы зэманым щІынатІэм и курыт еджапІэхэм щІэс сабий мини 8,5-м щІигъум щыщу гуэдзэн щІэныгъэ щагъуэт центрхэм 1200-м нэс йокІуалІэ.

Илъэс кІуам зи цІэр фІыкІэ я Іуауэрам ящыщу Аруан, Джэрмэншык, Псынабэ, Шэрэдж Ищхьэрэ, Шытхьэлэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэхэр. Псынабэм Щэнхабзэмкіэ и унэр ящыщу куэд щІакъым. Ауэ а зэман кІэщІым къриубыдэу абы хуэзфІэкІащ щыгъэхэмкІэ хьэпшыпхэр ІэгъэзэщІэныкмкІэ, сурэт щІыныкмкІэ, дыщІидзэмкІэ, Іъэпкъ къафэхэмкІэ кружокхэр къызэрыгъэпэщыну. Абыхэм йокІуалІэ езы жылагъуэм къищынэмыщІауэ, Къэхъун, Псыкуэд щыщ сабийхэри.

2017 гъэм къриубыдэу Аруан щІынальэм и къуажэ псоми апхуэдэ лэжьыгъэ щаублэну яхуэзфІэкІакъым, ауэ Щэнхабзэмкіэ унэхэм къаззэрыхъуэр къэпльытэмэ, мы илъэсым фІыкІэ ущыгугъ хъунущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Афиян килограмми 7-м щІигъу

Урысей МВД-м Тэрч районым щыІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм Деий къуажэм щыпсэу, илъэс 44-рэ зи ныбжь щыІухъум и лъапсэр къыщащым къагъуэтащ къэкІыгъэмэ кІыхьзыих пкъыгъуэхэр зэрыль полимер пакети 9, абы ещхь зыкІуэцІыль тхылъымпІэ зэкІуэцІыльыхьауэ 2, иджыри зы полимер кумбыгъэ, къэкІыгъэ гъэщэщэ ильу.

Экспертизэм къызэригъэльэгъуамкІэ, къытрахар «марихуанэ» наркотикхэкІ грамм 7496,3-рэ, «гашиш дагъэ» грамм 1,45-рэ мэхъу.

Урысей МВД-м Тэрч районым щыІэ и къудамэм уголовнэ Іуэху кьиІэтащ УД-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ (хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкІхэр зыІэрыгъэхьэн, хьумэн, кьешэкІын, гъэхьэзырын), щІалэр илъэситхум нэблагъэкІэ ягъэтІысащ мэхъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Нэщ Іэпыдзэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхущ Іапі эхэм - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм яДэлэжьэныкмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-89; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыдхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я зэрыдзыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.103 ● Заказ №26